ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№14 (24.764) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 1, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# Лъэпкъыбзэхэр утыкушхуэм йохьэ



**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ «Яндекс. ЗэдзэкІакІуэ» федеральнэ хъым папщІэ щІыналъэ проектыр зэхэзылъхьа щІалэхэм икІи тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэхэр хъумэнымкІэ, зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министр **КІурашын Анзор**, «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, Лэскэн районым гъэсэныгъэмкІэ щыІэ унафэщІхэм я чэнджэщэгъухэр зэзыгъэуІу **Жылэгъащтэ Хьэчим**, Къэрэшей-балъкъэр щІалэгъуалэм зегъэужьынымкІэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и Іэтащхьэ **Анаев Марат**, «Ростелеком» ПАО-м проектхэмкІэ и унафэщІ **Сэрахъэ Алан**, Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №4-м и 11-нэ классым щІэс **Мамхэгъ Алим**, республикэм и курыт еджапІэхэм адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ щезыгъэджхэр.

Къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъазэри, республикэм и унафэщІым жиІащ 2024 гъэм и кІэухым еджакІуэхэм щахуэзам Мамхэгъ Алим проектым и гугъу къызэрыхуищІар. Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэр зыгъэзэщІахэм.

- Анэдэлъхубзэр хъумэныр иджыпсту нэхъыщхьэу къэув Іуэхухэм ящыщщ, псом хуэмыдэу лъэпкъ куэд зэрыс ди къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ абы. 2022 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм игъэуваущ щытащ 2022 - 2032 илъэсхэр Лъэпкъхэм я бзэхэм я дунейпсо илъэсипщІу. Урысейм щагъэзащІэ а Іуэхур, Правительствэм игъэбелджыла лэжьыгъэм тету. Дызэрыс къэралым дежкІэ лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэр хъумэным мыхьэнэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, аращ абы и къэралыгъуэм лъабжьэ хуэхъур. Ар мызэ-мытІэу къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир. А лъабжьэр нэхъри гъэбыдэныр къэрал къалэну щытщ. НобэкІэ федеральнэ, щІыналъэ программэ куэд ягъэзащІэ егъэджэныгъэм, щІэныгъэм зрагъэужьыным теухуауэ: школыщІэхэр доухуэ, жьы хъуахэр къыдогъэщІэрэщІэж, зыхуей-зыхуэфІкІэ къызыдогъэпэщ, егъэджакІуэхэм ахъшэ щхьэхуэхэр яхухыдох, я улахуэр гъэ къэс проценти 10-кІэ яхухыдогъахъуэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

«Яндекс. ЗэдзэкІакІуэ» федеральнэ хъым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ хагъэхьэн папщІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм, нейросетым и бета-Іэмалыр къагъэсэбэпу зэрыщІадзам (CircassianAI, TauluAI) теухуауэ къэпсэлъащ Жылэгъащтэ Хьэчим.

- Дгъэхьэзыра нейросетхэр и лъабжьэу чат-ботхэр, джэгукІэхэр, аудио-видео материалхэр дяпэкІэ къэдгъэсэбэпыфынущ. Ар хуабжьу къащхьэпэнущ егъэджакІуэхэм, дерсыр щагъэхьэзыркІэ куэд къалъыхъуэн хуэмейуэ дакъикъэ бжыгъэм хьэзыру къарытынущ, - жиІащ Хьэчим.

ЩІалэщІэм къызэрыхигъэщамкІэ, а псори къэгъэІурыщІэн папщІэ Іэмэпсымэхэр яІэкъым, апхуэдэуи, лъэпкъыбзэр Интернетым щымащІэщ.

Электрон Іэмалхэмрэ смартфонхэм щхьэкІэ гуэдзэнрэ къызэрызэгъэпэщыпхъэм тепсэлъыхьащ Анаев Марат. Абы зэрыжиІамкІэ, фильмхэр, мультфильмхэр, уэрэдхэр, джэгукІэхэр ягъэхьэзыр.

- Бжыгъэр зи лъабжьэ технологиер щытепщэ хъуа лъэхъэнэм щІалэгъуалэм я щхьэм илъыр аращ. Дэ ахэр абы къытхукІэрышынукъым, атІэ ди сэбэп къыхэкІын хуэдэу къагъэсэбэпу зэтеублэн хуейуэ аращ. Анэдэлъхубзэр хъумэным гугъуехь куэд пыщІащ, дауи, ауэ делэжьмэ, тхузэфІэкІынущ, - жиІащ Анаевым.

ЕгъэджакІуэхэм къаІэта упщІэхэм ящыщщ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъуныр, зэрырагъаджэ тхылъхэр къыдэгъэкІыныр, лъэпкъыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я пщІэр къэІэтыныр, бзэм хухэха дерсхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щІыныр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм и кІэухым Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ лъэпкъыбзэмкІэ егъэджакІуэхэми проектым елэжьахэми икІи къыхигъэщащ анэдэлъхубзэхэр хъумэным, зегъэужьыным зэрыхущІэкъум, абы ехьэлІа жэрдэмхэр утыку къызэрырахьэм папщІэ зэрахуэарэзыр, зи гугъу ящІа псоми щхьэхуэу зэрыхэплъэнури къыхигъэщащ.

## Іуэхутхьэбзэхэр республикэм щызэфІах

**КъБР-м ЩІыналъэр зегъэкІуэнымкІэ и управленэм (ЦУР) щыхэплъэжащ 2024 гъэм ялэжьахэм, апхуэдэуи мы гъэм къапэщылъ къалэнхэр яубзыхуащ.**

«Инциндент Менеджмент» системэм цІыхухэм къабгъэдэкІ лъэІу 50 къаІэрыхьащ, мы гъэм миниплІым хэплъакІэщ.

Нэхъыбэр зытеухуар псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэрщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ ЦУР-м и аналитикэр махуэ къэс къызэригъэсэбэпыр, абы цІыхухэр зыгъэпІейтейхэр къокІуалІэ, ар министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хурагъэхьри, Іуэхур зэфІах. Іэтащхьэм жиІащ а лъэІухэм республикэм къыщыхъу-къыщыщІэхэр, гугъуехьу щыІэхэр наІуэ къызэращІыр.

- ЩІыналъэр зегъэкІуэнымкІэ и управленэм и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублауэ жыпІэ хъунущ. Ар цІыхухэм къахуосэбэп, дяпэкІи зиужьыну согугъэ, - къыхигъэщащ республикэ унафэщІым.

КІуэкІуэм фІыщІэ яхуищІащ ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэм, апхуэдэуи ехъулІэныгъэхэр дяпэкІи яІэну ехъуэхъуащ.

## ЕджапІэм къыпащІыхь

**«Иджырей школ» къэрал проектым и «ЩІэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, Налшык дэт школ №23-м ухуэныгъэщІэ зэрыгуащІыхьым КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым щытепсэлъыхьащ**

.

ШКОЛЫМ и унэщІэр Іыхьищу зэхэтынущ, еджакІуэ 700-м нэс щІэхуэу. Адрей кабинетхэм ядэщІыгъуу, абы хащІыхьынущ лъэщапІэхэр, методикэмкІэ пэшхэр, зыкъыщагъэлъагъуэ хьэщІэщрэ спортзалрэ, цІыху 300 зыщІэхуэ библиотекэрэ шхапІэрэ.

Пэшхэр сабий мыузыншэхэми къахуэгъэщхьэпэн хуэдэу къызэрагъэпэщынущ. ИджыпстукІэ инженер лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ, школ кІуэцІыр зэрахьэн яух.

Школ №23-м зэрызрагъэубгъум и фІыгъэкІэ, абы ущеджэну куэдкІэ нэхъ тынш хъунущ. Ар икІи хагъэхьащ школхэр зэманым декІуу щІынымкІэ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ ирагъэжьа программэм.



# Адыгейм и жэрдэмыр депутатхэм даIыгъ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.**

Депутатхэр Iуэхугъуэ 20-м щIигъум хэплъащ. Абыхэм ящыщщ «КъБР-м Iулъхьэм щыпэщIэтынымкIэ зэлэжьыпхъэхэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 12-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» щIыналъэ законыр.

КъБР-м и Парламентым ЦIыхубэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил къыхигъэщащ законопроектым и Iыхьэ 12-м и езанэ частым егъэджэныгъэ IэнатIэм щIыналъэ, лъэпкъ щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэр зэрыщыхъумар. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ нэхъ ипэкIэ зи гугъу ящI щIыналъэ, лъэпкъ щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэр къэрал егъэджэныгъэм и жыпхъэм хахыжауэ зэрыщытар.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Мэкъумэш IэнатIэм хухэха щIым гъавэ бэв къытехыныр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 3-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» ФЗ №499-р къызэращтам къыхэкIыу. Абы ипкъ иткIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Мэкъумэш IэнатIэм хухэха щIым гъавэ бэв къытехыныр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» ФЗ № 101-м.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш Iуэхухэмкlэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур зэрыжиIамкIэ, дэфтэрым жыIэгъуэ зыбжанэ щызэрахъуэкI.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 5-мрэ 6-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законым и проектым. «Абы щыдогъэбелджылы зи узыншагъэм сэкъат иIэ еджакIуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ яIэ Iэмалхэр, спортым зэрыхуагъэхьэзыр программэхэм къэрал IуэхущIапIэхэр зэрелэжьыпхъэ щIыкIэр», - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Коротких Ольгэ.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэр зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «УФ-м щагъэув Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 3-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ закон № 804715-8-м и проектым. Ар къыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и комитетым.

Депутатхэм къаIэтащ хамэ къэрал щыпсэухэмрэ Урысей Федерацэм и цIыхуу щымытхэмрэ я Iэпхъуэшапхъуэм, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэм, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, бдзэжьей ещэкIэр хабзэм тетыным хуэгъэза федеральнэ законхэм ехьэлIа Iуэхугъэхэр, УФ-м ПсымкIэ, ЩIымкIэ, ПсэупIэмкIэ и кодексхэм хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэуи къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм УФ-м энергетикэмкIэ и министр Цивилёв С.Е. зэрызыхуигъэзам - газкIэ къызэгъэпэщынымрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэмрэ ехьэлIауэ федеральнэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхэлъхьапхъэм теухуам. А жэрдэмыр абы КъБР-м и Парламентым диIыгъащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Iэмал псори яIэщ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Медицинэ академием лэжьыгъэм щыхагъэгъуазэ и центрым. Абы зригъэлъэгъуащ IэнатIэм лэжьыгъэр зэрыщызэтеублар, ар къызэрызэгъэпэща Iэмэпсымэхэм я зэфIэкIыр игъэунэхуащ, Медицинэ академием и студентхэмрэ ординаторхэмрэ лэжьыгъэ и пIалъэ зэращIэм зыщигъэгъуэзащ.**

- ЦЕНТРЫМ и къалэн нэхъыщхьэр, иджырей егъэджэныгъэ-медицинэ технологием и унэтIыныгъэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, дохутырхэмрэ курыт медицинэ IэщIагъэлIхэмрэ Iуэхум щыхуагъэхьэзыркIэ лэжьыгъэм нэхъ кууэ хэгъэгъуэзэнырщ. Ар къызэгъэпэщащ Iэмэпсымэ, компьютер техникэ зэхуэмыдэхэмкIэ. ЖыпIэнурамэ, эндоскопие хирургием, анестезиологием, реаниматологием, акушерствэмрэ гинекологиемрэ, травматологием, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи сымаджэм и узыншагъэр къызэрыппщытэным, абы узэреIэзэну щIыкIэм хуэщIауэ центрым и егъэджэныгъэ пэшхэр узэдащ, - жиIащ Медицинэ академием и унафэщI Мизиев Исмэхьил.

Министрым къыхигъэщащ центрым и лэжьыгъэр сыткIи тэмэму къызэрызэгъэпэщар, дохутыр IэщIагъэм хуеджэхэм я щIэныгъэм, зэфIэкIым хагъэхъуэну гупыж яIэххэмэ, Iэмал псори абдеж зэрыщаIэр. Апхуэдэу Къалэбатэмрэ Мизиевымрэ тепсэлъыхьащ медицинэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэм я Iэзагъэм академием ЩIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт и центрым щыхагъэхъуэным теухуауэ Iуэхур зэрызэтраублэнум. ПсалъэмакъымкIэ къызэрыхэщамкIэ, ар щхьэпэ хъунущ унэтIыныгъэ хэхам ирилажьэ дохутырхэм икIэщIыпIэкIэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сымаджэхэм и чэзум сэбэп зэрахуэхъуфыну Iэмалхэр яIэщIэмыхужынымкIэ.

- ЦIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр Iуэхум и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, - жиIащ министрым.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**● Махуэгъэпс**

# ПсыпцIэхэм щIыуэпсыр зэпIэзэрыт ящI

**ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр ящыщщ ЩIы хъурейм и биологие зэмылIэужьыгъуагъэм хезымыгъэгъэщI, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щытыкIэм изыгъэт къэунэхугъэ телъыджэхэм.**

ПСЫПЦIЭХЭР шэдылъэ-фIеялъэу нэхъыбэм къалъытэ. АрщхьэкIэ, биологхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр пэжым пэжыжьэщ. ЖытIам дэщIыдгъужынщи, «уэрыжь» псори гъуэталъэкъым, уеблэмэ я нэхъыбэр псы къабзэм и зэтеIыгъапIэщ. IэщIагъэлIхэм къызэрабжамкIэ, «къызэрыгуэкI» хыжьейхэм ярыт псыр, ику иту, илъэс 17-м и кIуэцIкIэ зэхъуэкIа хъумэ, псыпцIэхэм къызыщыпхивхэр илъэси 5-м къриубыдэу къощIэрэщIэж.

Геолог-биологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2025 гъэм яужькIэ, ЩIы Хъурейм тесыну цIыхухэм ящыщу мелард 1,8-р щыпсэунущ псыр хуабжьу къащемэщIэкI къэралхэм е щIыналъэхэм. Абы къыхэкIыуи гурыIуэгъуэщ, псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я мыхьэнэр кIуэ пэтми нэхъ ин хъуурэ зэрекIуэкIынур.

ПсыпцIэхэр зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ абыхэм щес къуалэхэмрэ яхуэсакъынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къалъытащ 1971гъэм мазаем и 2-м Ираным и Мазендеран щIыналъэм хыхьэ Рамсар къалэм псы-псыпцIэ щIыпIэхэм ехьэлIауэ щызэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр. Дунейпсо махуэ ар щыхъуар 1977 гъэм щыщIэдзауэщ.

Рамсар конвенцэм Iэ тезыдза къэрали 171-м Урысей Федерацэри яхэтщ.

Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1975 гъэм, СССР-м и Правительствэм и унафэкIэ, ди къэралым «Рамсар щIыпIэу» 12 къыщагъэунэхуауэ щытащ. Абыхэм ящыщу, РСФСР-м и щIыналъэм къыщызэрагъэпэщар 3 къудейт. А мащIэр и тегъэщIапIэу, УФ-м и Правительствэм 1994 гъэм и фокIадэм къищта унафэм кърикIуэу, ди къэралым «Рамсар щIыпIэу» къыщызэIуахам я бжыгъэр 38-м нагъэсащ. Абыхэм, псори зэхэту, гектар мелуани 10,7-м щIигъу къызэщIаубыдэ.

Зи гугъу тщIы зэухылIэныгъэм ЩIы хъурейм тет къэрал псори къыхуреджэ я щIыналъэхэм, нэхъ мащIэрауэ, зы «Рамсар щIыпIэ» къыщызэIуахыным. Конвенцэм и зэзыгъэуIу советым деж  щыIэ къэрал зэхуаку бюром и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ псы-псыпцIэхэм ящыщу дунейпсо мыхьэнэ зиIэу къалъытэхэм я щытыкIэм зэрызахъуэжым кIэлъыплъыныр.

2021 гъэм и пэщIэдзэм къызэрабжамкIэ, ди планетэм «Рамсар щIыпIэу» 2414-м щIигъу щыхагъэунэхукIащ. Абыхэм псори зэхэту гектар мелуан 254-м нэблагъэ яубыд. АтIэми, ЩIы Хъурейм псы-псыпцIэ щIыпIэу къыщахутам, псори зэхэту, щIы щхьэфэм и процента 6-м, е нэгъуэщIу жытIэмэ, гектар мелуан 570-м нэблагъэм зыщаубгъуащ.

Урысейм и мызакъуэу, Европэм щынэхъ ин дыдэ Васюган псыпцIэм километр мин зэбгъузэнатIэу 53-м щIигъум зыщиубгъуащ. Ар къызыщыпхив щIыгур, Томск, Новосибирск, Омск щIыналъэхэм хыхьэу, Сыбырым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Иртышрэ Обьрэ я зэхуаку дэтщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Васюган псыпцIэр къызэрыунэхурэ илъэс мини 10 дэкIащ, зыщиубгъуа и щIыгуми хэхъуэ зэпытщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



**● Гу зылъытапхъэ**

# Фи узыншагъэр къевгъэпщытэ

**Мазаем и 4-м, Лышх узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэм, Республикэ онкодиспансерым «бжэ зэIухам и махуэ» щекIуэкIынущ. Дохутырхэм захуэвгъэзэфынущ сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 13-м пщIондэ.**

IУЭХУЩIАПIЭМ екIуалIэхэм я узыншагъэр къапщытэнущ лышх узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм еIэзэ IэщIагъэлIхэм. Фи щытыкIэм елъытауэ диагностикэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

Фи узыншагъэм и щытыкIэр зыхуэдэр къэфщIэнымкIэ щыIэ Iэмалыр блэвмыгъэкIыу, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэм захуэвгъазэ.

ФызэкIуэлIэну хэщIапIэр: Налшык къалэ, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ уэрам, Лышх узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ диспансерым и поликлиникэ.

Дохутырым и деж фыкIуэн ипэ къиxуэу зевгъэтхын хуейкъым. ЩIыхьэпIэм деж волонтёрхэр къыщыфIущIэнущ. Паспортыр, СНИЛС-р, страховой полисыр фIыгъын хуейщ.

# Нэхъыжьхэм я псэукIэр щIалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэщ



**Зауэм хэтахэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуззда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я зэгухьэнығъэхэм я зэхуэс иджыблагъэ щекIуэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар къызэIузыхари езыгъэкIуэкIари еджапIэ нэхъыщхьэм и ветеранхэм я советым и унафэщI Шурдым Хьэсэнщ**.

АБЫ къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм кърихубыдэу КъБКъУ-м и ветеранхэм я советым иригъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр къэрал унафэкIэ ягъэнэхуа Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым къитIэсэнущ, Хэку зауэшхуэм ТекIуэнығъэр къызэрыщахьрэ илъэс 80 зэрырикъуами хуэунэтIауэ щытынущ. «Къэралым и унафэщIым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, щIыпIэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIынум хэти щыгъуазэщ. Сыт хуэдэ пэхуэщIэми купщIэ иIэу, ди япэ итахэм я фэеплъыр къиIэту, щIалэгъуалэми едгъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэр гурэ псэкIэ зыхищIэу щытын хуейщ. ЩIалэгъуалэр къыпхузэщIэIэтэнущ и бзэкIэ уепсалъэмэ, и дуней лъагъукIэм зибгъэзагъэмэ. ЗадыдощI жытIэу зедгъэхьыну аракъым, атIэ къытпэщылъ лэжьыгъэхэр лъэужьыншэ мыхъуным, ахэр щIэтщIэм и мыхьэнэр я щхьэм ихьэным, я гум ищтэным дытелэжьэн хуейщи, гъунэгъу зэрызэхуэтщIыну Iэмалхэм дыкъыпекIуэкI мыхъуну аращ. ЦIыху гъащIэм хэлъ лъапIэныгъэхэр фIыуэ къызыгурыIуэ ныбжьыщIэ куэд диIэщ, я псалъэм къару иIэу, куэдым щапхъэ яхуэхъуу. КъысфIощI ахэр лъагъуэхэш тхуэхъуну. Хэку зауэшхуэм ди адэжьхэм къыщахьа ТекIуэнығъэр лIы ныбжь ирокъу, жыпIэми ущыуэнукъым. Ар къэзызэуа куэд диIэжкъым, ауэ махуэщIымрэ нэхъыжьыгъэмрэ яхуэфащэу дыIущIэн хуейщи, къытпэщылъ псоми набдзэгубдзаплъэу пхыплъыпхъэщ», - жиIащ Шурдым Хьэсэн.

КъБКъУ-м гъэсэнығъэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къумыкъу Резуан тепсэлъыхьащ къаIэтэ Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ пэхуэщIи 150-м хуэдиз ирагъэкIуэкIыну зэрагъэхьэзырыр. Абы хеубыдэ пэкIухэр, фэеплъ зэхуэсхэр, зэIущIэхэр, флешмоб жыхуаIэ Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщI куэди.

ТекIуэнығъэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу КъБКъУ-м и пщIантIэ кIуэцIым дэт мывэскъархэр псори зэрагъэпэщыжащ. Университетым щылэжьауэ е щеджэу дашауэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здэщыт щIыпIэм мы далэм дизайн лэжьыгъэ зыбжанэ иращIылIэ. Псом япэрауэ, абы и IуплъапIэр къагъэщIэрэщIэж, щхъуантIагъэбэр и хъуреягъкIэ щагъэтIыс, тетIысхьэпIэхэр щагъэув, уэздыгъэ пкъохэр щыхатIэ. Абы къищынэмыщIауэ, фэеплъыр жэщми къэлъэгъуэн хуэдэу, и лъэныкъуиплIым нэхудзхэр хагъэтIысхьэ. Абы къыдэкIуэу, къызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, КъБКъУ-м медицинэ IэщIагъэр щрагъэгъуэт и колледжым и гупэм къит фэеплъми апхуэдэ лэжьыгъэ иращIылIэнущ.

Гулъытэ хэха хуащIынущ 2025 гъэм зи юбилейр зыгъэлъапIэ ветеранхэм. «Иджыпсту а Iуэхур щIэгъэхуэбжьауэ идогъэкIуэкI. Нэгъабэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа цIыху 15-м даIущIащ, я махуэщIхэри ядэдгъэлъэпIащ. Апхуэдэу КъБКъУ-м ветеранхэм сом мини 115-рэ хуэдиз дэIэпыкъунығъэ зэраритар къыхэгъэщыпхъэщ. БлэкIа илъэсым кърихубыдэу ди нэхъыжьхэм ахъшэкIэ университетым защIигъэкъуащ, сом мин 380-рэ хуэдиз яхухихыу. Апхуэдэ гукъэкIхэм мы гъэми пытщэну ди гугъэщ», - жиIащ Шурдым Хьэсэн.




ЗэIущIэм гукъыдэжыр къэзыIэт Iуэхугъуи хэтащ. КъБКъУ-м хъыбарзехьэ технологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжым и ветеранхэм я советым и унафэщI Абдулаевэ Светланэ ныбжь дахэ зэрырикъуам къыхэкIыу еджапIэм къыбгъэдэкI ФIыщIэгуапэ тхылъ иратащ. Абдулаевэр Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэнығъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Урысейм щIэнығъэ нэхъыщхьэмрэ IэщIагъэ зэрырат щIэнығъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

Абдулаевэ Светланэ и закъуэкъым къыхуащIа гулъытэм игъэлъапIэр, атIэ ар зэпымычу зыдэлажьэ нэхъыжьыфIхэми я Iулыджыр къеIэт, зыпэрыт IэнатIэм и мыхьэнэр нэхъри къыхегъэщ. «Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр гукъыдэж къыдэзыт жэрдэм щIагъуэкIэ ежьащи, фIы къытхудэкIуэну дыщогугъ», - жиIащ Шурдым Хьэсэн.

**ТРАМЭ Батырджэрий**.

# Сабиигъуэ зымылъэгъуахэр

**● Зауэм и бынхэр**



**«Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэнығъэм и къудамэу Аруан щIыналъэм щыIэм и унафэщI Джатокъуэ Казбек иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщапщытэжащ илъэс блэкIам зыхуагъэувыжа къалэнхэм ящыщу зэфIагъэкIамрэ дызытехьа илъэсым зэлэжьынумрэ**.

ЗЭIУЩIЭМ хэтахэр Джатокъуэм щигъэгъуэзащ нэгъабэ яхузэфIэкIахэм.

- Гъэ блэкIам кърихубыдэу плIэ едгъэкIуэкIащ правленэм и зэхыхьэ. Курыт еджапIэхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ зыдэдгъэIэпыкъуурэ, зэхыхьэ 30-м нэс къызэдгъэпэщащ. Дэ зэи тщыгъупщэ мыхъун Iуэхущ ди нэхъыжьыфIу фIыр зи Iэужьхэм а лъэхъэнэ хьэлъэм ягъэва бэлыхьымрэ яшэча хьэзабымрэ зыхуэдэр. Школхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэмрэ зэIущIэ дахэхэр къыщызэдгъэпэщурэ, нэхъыжьхэм я нэгу зедгъэужьащ, «Зауэм и бынхэр» зытет медалхэри абдеж щахэтлъхьащ. Нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэм, ягъэва бэлыхьым щагъэгъуэзащ абыхэм яхуэдгъэза ныбжьыщIэхэр. Хэкур фIыуэ лъагъуным, ущие гуапэм дерс къыхахыным, ныбжьэгъугъэр ягъэпэжыным, зэкъуэту псэуным - ахэращ нэхъыжьхэр зытепсэлъыхьар.

ЗэIущIэм къэкIуэну зи къару къимыхьа нэхъыжьхэм я унэм дыкIуэурэ медалхэр тыгъэ яхуэтщIащ, я къуэрылъху-пхъурылъхухэр щыту, абыхэм ялъагъур я гум къинэн папщIэ. Ахэр зыуэ щогуфIыкI а тIэкIуми, пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ. Мис апхуэдэу, зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми, я гум дедэхэщIэну, абыхэм ятелъа гугъуехьыр зэрытщымыгъупщар зыхедгъэщIэну дэ псоми ди къалэнщ!

Гъэ дызытехьам Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъур Iэтауэ дгъэлъэпIэну ди мурадщи, Iуэхум хэтыну гупыж зыщIхэр фыкъыдогъэблагъэ, - жиIащ Джатокъуэм.

АдэкIэ къэпсэлъэщ Компартым и район къудамэм и япэ секретарь Къардэн Мурадин.

- Ину фIыщIэ фхузощI «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэнығъэм хэтхэмрэ зыкъыфщIэзыгъакъуахэмрэ! Дэ псоми ди къалэнщ нэхъыжьхэм я гур хэзыгъахъуэ зэхыхьэ гуапэхэр нэхъыбэрэ къызэдгъэпэщыну, абыхэм сабиигъуэ, щIалэгъуэ зэрамыIар зэрытщIэр, лейуи фIыщIэ зэрахуэтщIыр нэрылъагъу ящытщIын папщIэ. Ди нэхъыжьхэм я псалъэ зэхэзых нэхъыщIэхэм ар ягу зэримыхунум шэч къытесхьэркъым. Дызэрыхьа илъэсым ТекIуэнығъэм и махуэшхуэр илъэс 80 зэрырикъур дэнэ щIыпIи щагъэлъэпIэнущ. Дэ ди къалэнщ а Iуэхугъуэр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщыну, щIэблэр хэкупсэу дгъэсэну, къызыхэкIа лъэпкъыр ящIэжу, тхыдэм пщIэ хуащIу къэхъун папщIэ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэнығъэм хэтхэм щыщу лэжьыгъэм къыхэжанықIахэмрэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуахэмрэ Джатокъуэм яритащ щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ медалхэмрэ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ*.

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 1,**
***щэбэт***

♦**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэр щрагъэджэну школ.

♦**1929 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къардэн Лъостэнбий**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэнығъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутIалиб**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 2,**
***тхьэмахуэ***

♦**Псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизану хэтам» и медалыр, япэ, етIуанэ нагъыщэхэр зиIэр, къащтэну.

♦**1892 гъэм** къалъхуащ хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа профессор, «Шэрджэсхэр къызытекIар» тхылъыр зи Iэдакъэщ IэкI **Нэмитокъуэ Айтэч**.

♦**1898 гъэм** къалъхуащ Франджым и ЛIыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ «Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джаурджий Iэбисал**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ композитор, Адыгей къэрал университетым гъуазджэхэмкIэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кубаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 3,**
***блыщхьэ***

♦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыяпэу Мазэм щетIысэхащ.

♦**1924 гъэм** «Красная Кабарда» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЦIыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкIу къэпхьынкъым.**

# Зи щапхъэр куэдым я гъуазэ Хьэмырзэ Ахьмэд

**Лъэпкъ зыхэщIыкIрэ гупсысэ убзыхуарэ зиIэ цIыхум уепсэлъэну сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, щхьэпэщ икIи гуапэщ. Нобэрей гъащIэм и зэхэлъыкIэм, лъэпкъ Iуэхум и дэхыкIэм, щэнхабзэм, и Iуэху зыIутым, адыгэбзэм я щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэу акъыл гъэтIысарэ анэдэлъхубзэ шэрыуэкIэ зэпкърызых, и псалъэ къэскIэ хэплъыхьарэ купщIафIэу зэкIэлъыхьауэ зи гупсысэр къэзыIуатэ цIыхущ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, актер цIэрыIуэ Хьэмырзэ Ахьмэд.**

АХЬМЭД театрымрэ киномрэ щиIэ зэфIэкIхэм, абы и цIэм Кавказ псом и гъуазджэ дунейм щиубыд увыпIэ лъагэм журналистхэр дытепсэлъыхьынуи дытетхыхьынуи тфIэфIщ, ар зэи емызэш цIыху зэчиифIэщи, щIэщыгъуэ куэд утыкум кърихьэ зэпыту адыгэ лъэпкъым хуолажьэри. Ауэ мызыгъуэгукIэ «хьэщIэщ уэршэркIэ» узэджэ хъуну мы зэпсэлъэныгъэр зытедухуар нобэрей гъащIэмрэ адыгэ Iуэхумрэ я къекIуэкIыкIэрщ. ЦIыхушхуэ гуэрым и тхылъ напэкIуэцIхэр къызэбгъэдзэкIыурэ щIэбджыкIыу фIэкIа къыпщымыхъуу пхузэпкърех Ахьмэд а Iуэхугъуэхэр. Сыхуейщ сигу зэрыгъу Iуэхуу къыхэслъхьахэм Ахьмэд хуиIэ еплъыкIэм фыщызгъэгъуэзэну.

## Театрымрэ цIыхубэмрэ

А тIум я зэхущытыкIэм зихъуэжурэ къокIуэкI, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм елъытауэ. Илъэс зыбжанэкIэ дызэIэбэкIыжмэ, пасэу билет къамыщэхумэ, ямыгъуэтыжу къекIуалэу щытащ цIыхухэр адыгэ театрым. Ауэ пандемиер къежьэри, театрым и мызакъуэу, цIыхур зэкIэлъымыкIуэж ищIащ.

Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ ди гъащIэм къыхыхьами, абы къикIыркъым театрыр лэжьэн хуэмейуэ е абы щылажьэхэм я къалэныр игъэмэщIауэ. ГъащIэм лъэныкъуэ гуэркIэ зэрызигъэзам и зэран къокIауэ щыщыткIэ, абы упэлъэщын папщIэ, уи зэфIэкIым хэбгъэхъуэн, къалэнхэр нэхъыбэ пщIын хуейщ. Сыт абы къикIыр? Театрым щылажьэхэм, артистхэм ди пщэрылъыр нэхъри бэгъуащ, къиущынэмыщIауэ, зэхъуэкIыныгъэхэр тхыдэм къызэрыхэнэм хуэдэу, ар театр утыкум щыгъэлъэгъуа хъун папщIэ, драматургие дыхуейщ. Лъэпкъ драматургие дыхуэныкъуэщ, абы и лъэныкъуэкIэ ди Iуэхур хэплъэгъуэщ.

Сыт хуэдэ Iуэхури къохъулIэн папщIэ, мылъкукIэ щIэгъэбыдауэ щытыпхъэщ. Сигу къеуэр пщIэрэ? Мелардийм щIигъу щыпсэу дунеишхуэм псоми ялъэIэс зэхъуэкIыныгъэ къыщыщыхъум деж, дэ тхуэдэ лъэпкъ мащIэхэр иреудэкI. Апхуэдэ щIэщхъу къызыщыщIа лъэпкъым зыкъиужьыжын щхьэкIэ, дэ дыхуейщ щэнхабзэм зыщIэзыгъакъуэ цIыху щхьэхуэхэм, фондхэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар диIэкъым. Апхуэдиз хъугъуэфIыгъуэ къызэзынэкIа, сыт и лъэныкъуэкIи пэрыту къекIуэкIа ди лъэпкъым и щIэблэр зыщIипIыкIыну къыхуэна фIыгъуэ мащIэм зедгъэужьын, тхъумэн щхьэкIэ, мылъку хэдмылъхьэу хъунукъым. Мыр егъэлеяуэ дызыхуэныкъуэ Iуэхугъуэщ. Апхуэдэ лъэпощхьэпохэр зэфIэхыныр зи Iэ илъхэм я гупсысэ, я унафэ халъхьэн хуейщ мы Iуэхум.

А зым и закъуэкъым театрымрэ цIыхумрэ зэпэIэщIэ зыщIар. АтIэ нэхъапэм хьэблэм дэс зы унагъуэм телевизор яIэрэ абы сабийхэр дыщызэхуэсу деплъу щытамэ, нобэ дэтхэнэ зыми телефон IэщIэлъщ, зыхуей псоми еплъыфу, еджэфу. Ауэ Интернетым къуитыфыну гупсысэмрэ дунеягъэм узыщрихьэлIэмрэ зэтехуэркъым. Театр, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ансамбль хъарзынэхэр диIэщ, абыхэм цIыхум гукIэ зыхрагъэщIэфыр куэдкIэ нэхъыбэщ Интернетым къаритым нэхърэ. Мис ахэр утыкум икI хъунукъым, Iэпэдэгъэлэл тщIынкIи Iэмал иIэкъым, цIыхумрэ гъуазджэмрэ гъунэгъу зэхуэзыщIыр, цIыхупсэр зыгъэбейр ахэраци.

## ХьэгъуэлIыгъуэхэмрэ джэгуакIуэхэмрэ

Иджырей хьэгъуэлIыгъуэм дыщытепсэлъыхькIэ, абы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр «къалэн» псалъэмкIэ къэзгъэлъэгъуэнт. ХьэгъуэлIыгъуэ ущыкIуэм деж къалэн пыухыкIа уи пщэм къыдохуэ. ХьэщIэм хьэщIагъэ епхын, благъэр зэбгъэцIыхун, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэд, хабзэм къызэрезэгъыу, чэзууэ щызэфIэпхын хуейщ. Нэгу зегъэужьыпIэкъым ар, иджыпсту куэдым зэрагугъэм хуэдэу, атIэ къалэн гъэзэщIапIэщ.

Нэхъыжь гуэрхэм щыжаIэ щыIэщ: «Дэ псори дыIуэхутхьэбзащIэу аращ, Iуэхур зэфIэкIмэ, дыбзэхыжынущ, псэунур фэращ». Хьэуэ. Дыбзэхыжын хуейкъым. Нэчыхь щатхым деж уэчыл щIагъэувыр сыт? Уэчыл къалэныр зи пщэ далъхьэр щауэм е нысащIэм щапхъэ зытрихын, зыдэплъеин, чэнджэщэгъу, ущиякIуэ хуэхъун хуэдэ цIыху Iущщ. ЩIалэгъуалэр псэуныгъэм къригъэкIуэт, гъащIэм и гугъуехьхэм къыхигъащIэ хъумэ, унагъуэр мылъэлъэжын щхьэкIэ, лъэпкъитIым къабгъэдэкIыу уэчылу щытаитIращ япэу дэIэпыкъуэгъу хъун хуейр. ХьэгъуэлIыгъуэм хэт дэтхэнэ зыри зэрышаитIым я гъащIэм щыщ Iыхьэ мэхъу, я гъащIэр щыз хъун щхьэкIэ хэлъхьэныгъэ хуащIын хуейуэ.

Нобэрей хьэгъуэлIыгъуэр сигу ирихьрэ? Хьэуэ! Нобэрей хьэгъуэлIыгъуэхэм сигу ирихьын куэд щыслъагъурэ? НтIэ! Дунеижьыр къызэригъэщIрэ апхуэдэу щытщ: хужьрэ фIыцIэу, фIырэ Iейуэ, жэщрэ махуэу гуэшауэ. Тхьэм и шыкуркIэ, фIыр нэхъыфIурэ дыкъокIуэкI. Ар хьэгъуэлIыгъуэми ехьэлIащ.

ДжэгуакIуэхэм я гугъу пщIымэ, ахъшэ къалэжьыну утыку ихьэн ипэ зэгупсысыжын хуейщ, а Iуэхум хуэфащэрэ хуэмыфащэрэ, игъэзэщIэну къалэным и кIэм нэс хищIыкIрэ химыщIыкIрэ. ДжэгуакIуэр джэгуакIуэу къалъхуркъым, атIэ хъууэ аращ. А цIэр пхуэфащэу щытын папщIэ гъуэгуфI къызэпыпчын хуейщ. ХьэгъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIын хуейм теухуауэ зэбгъэщIам нэмыщIкIэ, гъащIэ плъэгъуауэ, абы къыхэпхауэ, бгъэунэхужауэ щытыпхъэ хабзэм епха щхьэхуэныгъэхэр.

А хабзэр зэманым дебгъэкIуу къэбгъэсэбэпын хуейщ. Нобэ лъэпкъыр гупитI зэрищIыкIауэ хабзэм топсэлъыхь, хэти апхуэдэу япэм щытакъым жеIэ, хэти япэрейр иджырей зэманым къезэгъыжыркъым жеIэ. Апхуэдэм деж егупсысыну сыхуейщ ди цIыхубзхэм гуэгуэн яIыгъыу псыхьэ зэрымыкIуэжми, ди цIыхухъухэр шым зэрымышэсыжми. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, хьэгъуэлIыгъуэр пщIантIэм дахыу шхапIэм зэрахьам куэд иризодауэ. ХьэщIэщыр игъащIэми адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ, нобэ цIыхур куэду дызэкIэлъыкIуэну зэрытфIэфIыр, унэшхуэ зимыIэ къызэрытхэтыр абыхэплъхьэжмэ, сытхьэщIэщым и лажьэр? Зыри. ХьэщIэщым хьэгъуэлIыгъуэ зэрыщащIыр къуэншагъэкъым, абы щекIуэкI гуфIэгъуэ дауэдапщэр екIурэ-ещхьу щызетхьэмэ.



## Унагъуэмрэ гъэсэныгъэмрэ

Сытми и къежьапIэр унагъуэращ, шэч хэмылъу. Си щхьэкIэ, сыт и лъэныкъуэкIи, щапхъэ схуэхъуар си адэращ. Си адэр артисткъым, къуажэдэс, шофер щIалэжьу щытауэ аращ. ИтIани, и IэщIагъэм пэжу зэрыбгъэдэтам хуэдэу, сэри сыбгъэдэтын хуейуэ апхуэдэ хьэл къысхилъхьащ. Си адэм и лэжьэгъухэм яхуищIа пщIэм хуэдэ сэри си лэжьэгъухэм яхуэсщIын зэрыхуейм сыхуиущиящ.

Сызыпэрыт IэщIагъэм хуэфащэ щIэныгъэ зэзгъэгъуэтын, абы и щэху псори къэсщIэн папщIэ, къуэ балигъым и къалэн куэд сщхьэщахащ си адэ-анэм. Нобэ щытхъу къысхуагъэфащэмэ, ар зейр си адэращ, си анэращ. АдэкIэ еджапIэм сыщезыгъэджахэм, институтым сыкъэкIуа нэужь щIэныгъэ къызбгъэдэзылъхьахэм, япэу зи утыку сихьа адыгэ театрым, абы ита нэхъыжьыфIхэм я фIыгъэщ. Дыстуденту театрым япэ дыдэ Шыбзыхъуэ Басир дыщишам, сощIэж ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ, Къаздэхъу СулътIан, Токъуий Хъусен, Болэ Мурат, Сибэч Быхуэ хуэдэ цIыхушхуэхэр щыджэгуа сценэм, абыхэм къагъэна лъэужьым лъэкъуампIэ пэлъытэу сызэриувэм иIэ мыхьэнэр зы меданым си щхьэм зэрыщызэблэкIауэ щытар. Мис а псори гъуазэ схуэхъуащ. КъиущынэмыщIауэ, нэхъыжьыфI куэдым сагъэныбжьэгъуащ сыщIалэу - IутIыж Борис, Къамбий Джэфар, Къэжэр Борис, Фырэ Руслан хуэдэхэм. Абыхэм я лэжьыгъэм и щэху гуэрхэр сыщIагъэдэIуми, я гупсысэкIэр зэзгъэзахуэми, куэд къысхалъхьауэ схужыIэнущ.

Унагъуэр псом я щхьэщ. Унагъуэм илъ зэхущытыкIэр, си адэм хэлъа хабзэр, хьэлыфIхэр псори зэрызыхэслъхьэным иужь ситащ. КIэух зимыIэ лъагъуныгъэкIэ къэзыухъуреихь псори илъагъурт си адэм. ЦIыхум хуиIэ лъагъуныгъэр имыухыу зи гъащIэ Iыхьэр зыуха си адэм фIэкIа щыIэу сщIэркъым.

Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейщ гъэсэныгъэм лъэныкъуитI зэриIэр. Адэ-анэм быныр зэрагъасэм хуэдэ дыдэу, бынми адэ-анэм зыгуэр халъхьэ. ЦIыхур дунейм къыщытехьэм, бын къыщыпщIэхъуэм и деж гъащIэм нэгъуэщI нэкIэ урегъэплъ, зы щIэщыгъуэ гуэр уи гъащIэм къыхелъхьэ, нэхъыбэм урегъэгупсыс.

## Лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ щIалэгъуалэмрэ

Лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэушыжу пIэрэ жысIэу, нэщэнэ гуэрхэр ядызолъагъу щIалэгъуалэм, ауэ нэхъыбэну сыхуейт. Адыгэ хабзэм хэкъузауэ, ину дыщытепсэлъыхьыр дапщэщ дэ? ХьэгъуэлIыгъуэ махуэхэращ. Фащэ тщыгъыу, зыдгъэадыгэу утыку дыкъыщихьэ махуэу илъэсым хэтыр зытIущ къудейщ. Апхуэдизу я щхьэм ует иращIэкIыжу, «дэр мыхъуамэ, мы дунейр къутэжат» жаIэу накъыгъэм и 21-м уэхьэхьейуэ къыдэкI гупым, а зы махуэ закъуэр мыхъумэ, илъэсым къриубыдэу а Псэ жыгым деж къакIуэу яхэтыр цIыху дапщэ? Мис а упщIэр си лъэпкъым хузиIэщ сэ. Дэтхэнэми зэдывгъэтыж а упщIэр. Си щхьэкIэ, лэжьыгъэм, IэнатIэм зэман мащIэ къысхудэхуамэ, си щхьэм къищхьэрыуэу абыдеж сыкIуэу сыщыбгъэдэс щыIэщ. Апхуэдэу щымыт адрейхэм фэрыщIагъ ядызолъагъу.

КъиущынэмыщIауэ, дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм цIыхухэр нэгъуэщIу гупсысэу ищIащ. Ди щхьэ, ди унагъуэ тпIыжарэт жаIэу сом къызэралэжьынур ипэ ирагъэщ хъуащ. Ар блэкIа илъэс тIощIрыпщIым дызэрыхуа щытыкIэщ, дыкъытекIыжын хуейуэ. Зы щапхъэкIэ къэзгъэлъэгъуэнщ ди зэхэтыкIэр. Мо ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм дихьэрэ долларым и уасэм дыщIэупщIэмэ, япэ къэсым къыджиIэнущ, ауэ цIыхуищ зэгъусэу къакIуэмэ, хэт нэхъыжьми, хэт нэхъыщIэми кърипщIэну зэрызэбгъурытын хуей къудейр ящIэркъым. Къэдмыгъэсэбэп доллар уасэр тщIэн хуейуэ къытщохъуж, ауэ зэадэзэкъуэр кърикIуэмэ, нэхъыжьыр здэщытын хуей лъэныкъуэр зыщIэр мащIэщ. Мыхэр дымыщIэмэ емыкIу къэтхьынущ, ди адэжьхэм зэрахьэу щыта хабзэм дыкъытекIмэ, лъэпкъыр хэкIуэдэжынущ.

## Анэдэлъхубзэмрэ зыужьыныгъэмрэ

Бзэр умыгъэлажьэмэ, зиужьынукъым. Апхуэдэуи дыхуэмысакъмэ, иджыпсту екIуэкI глобализацэм хэшыпсыхьынущ. Псом япэ къыщыщIэдзапхъэр сабийм дежщ. Ар унэм щIэсмэ, телефоныр IэщIэлъщ, къыщIэкIамэ, урысыбзэкIэ псалъэ цIыкIухэрщ зыхыхьэр. Дэ, сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытхэми, ди къару псори зэхэтлъхьэу лъэпкъым хуэмыхь хьэлъэу и пщэ къыдэхуар щхьэщытхын хуейщ. Зи щхьэр лажьэу, зи пкъыр лажьэу, сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэ цIыхуми а хьэлъэм щыщ зы Iыхьэ къиIэту и плIэм дилъхьэжын хуейщ.

Нобэ адыгэбзэ щрагъащIэу къалэм дэтщ «Зейрэт», «Адыгэ цIыкIу» студиехэр. Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI абыхэм, ауэ мащIэщ ар. Мыхьэнэ нэхъ ин етын хуейуэ къысщохъу курыт еджапIэхэм адыгэбзэкIэ щезыгъэджэнухэр гъэхьэзырыным. Илъэс тIощI ипэ Педагогикэ колледжым адыгэбзэмкIэ и къудамэр щызэхуащIыжам удыну къыстехуат, абы кърикIуари нобэ нэрылъагъу хъуащ. Университетым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щыхуеджэну гупыж зыщIхэр закъуэтIакъуэщ иджыпсту.

Адыгэбзэр тIэщIэхуащ жыдоIэ. Нэхъ Iеижыр ар къызэрытщтэжын Iэмалхэр зэрытфIэкIуэдращ. Си щхьэкIэ, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм, уи лъэпкъыр зыгъэкIуэтэну узыщыгугъ щIэблэр зыгъасэхэм, я улахуэм яхудыщIызгъунт. «Экономикэ, юрист IэщIагъэм сыхуеджэмэ, нэхъыбэ къэзлэжьынущ» жызыIэхэр адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм ехъуапсэу пхуэщIынут. Ар икъукIэ сэбэп хъунут.

ЩытыкIэр хэплъэгъуэ зэрыхъуар къыдгурыIуэжу щытын хуейщ. «Курыт еджапIэхэм адыгэбзэр щадж, адыгэ театр мэлажьэ, хуитщ ящIэну», - жызыIэни щыIэщ. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым. Мыбы иужь итын хуейщ къэрал къулыкъущIапIэхэри.

## Фащэмрэ псалъэжьхэмрэ

УкъызыхэкIа лъэпкъым и шыфэлIыфэр къызэрыбгъэлъагъуэ щыгъынщ, теплъэщ фащэр. Си щхьэкIэ, сигуми си псэми хэлъщ. «Фащэр уокIу», «АдыгэлIым и теплъэр ди нэгу къыщIыбогъэхьэ» къыщызжаIэкIэ, сфIэфIщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы цIыхур йохъуапсэ, езыми «щыстIэгъарэт» жрегъэIэ. Си IэщIагъэкIи, унэм щIэсым и лэжьыгъэкIи («Zaira_fasha» студиер зейр Ахьмэд и щхьэгъусэщ - *Н.З.*) фащэр ди гъащIэ гъусэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Апхуэдэу уи гурылъри IуэхущIафэри щызэтехуэм деж, псори зэдохъу. «Адыгэ фащэр апхуэдизу фIыуэ плъагъурэ?», - щыжаIэкIэ, жэуапу естыр мыращ: «Си гъащIэ Iыхьэр сухрэ си псэр хьэршым кIуэжа нэужьи, си пкъыр дунейм къытезнэнт фащэ щыгъын щхьэкIэ».

Благовещенск кинофестиваль сыщыIат сэ. Лъэпкъ фащэр сщыгъыу сыхэтати, гулъытэу къысхуащIар пхужыIэнукъым. Сыт и уасэ уи лъэпкъ фащэ зэгъэпэщар пщыгъыу, нэгъуэщI лъэпкъ куэдым къахэкIахэм укъалъагъуу алэрыбгъу плъыжьым урикIуэну! Уеблэмэ, сурэтыщI цIэрыIуэ гуэрым гу къыслъитэри, сурэт стрихащ. Кавказым къакIуэу сурэт зэгъэуIуа трихыну куэд щIауэ игу илът урыс щIалэми, сэ сыкъызэрицIыхуар щIэдзапIэ хуэхъуащ и хъуэпсапIэр zригъэхъулIэнымкIэ. А псори си щхьэм и закъуэкъым сэ зыхуэсхьыр, си лъэпкъырщ.

ЦIыху зэхущытыкIэм, хабзэ зехьэкIэм, укъызыхэкIам ухуэфэщэн хуэдэу дунейм утетыным теухуауэ дэ зыри къэдгупсысын хуейкъым. ГъащIэм и хабзэ псори, зэрыщызекIуапхъэри, адыгагъэм къызэщIиубыдэри адыгэ псалъэжьхэм къыджаIэ. Тхауэ диIэщ ди дуней тетыкIэн, гупсысэкIэу щытын хуейр. Хъарзынэт Адыгэ хабзэр зэрыт тхылъыр дэтхэнэ зы унагъуэми щIэлъу щытамэ. ЩIыдагъэмрэ дыщэмрэ я уасэр зэдмыгъэзахуэми хъунущ дэ, ауэ хабзэм, гъащIэм, адыгагъэм хэтщIыкIын хуейщ. Хуабжьу сэбэпщ зи гугъу тщIыхэм теухуа тхылъ унагъуэм илъыну, «Адыгэ псалъэ» газетыр къыпIэрыхьэну...

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, мазаем и 3**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсщ. «Хэкум и хъумакIуэхэр». Тохаев Ислъам и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Сейир эте жашаргъа» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Елмэсхъан». Франджым щIыхь зиIэ и легионым и командор Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ (12+)
**7.55** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щэнхабзэм и лъагапIэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.45** «Нарт хъыбархэр». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Езым и дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэк1ахэр» (6+)
**18.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**18.25** «Гъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Зы уэрэдым и хъыбар». Къуныжь Хьэждал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Ракурс». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ХьэкIуащэ Андрей и фэеплъ пшыхь (12+)
**20.55** «Узэреплъщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсщ. «ЛIыгъэм и дэмыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща Бахъуэ А. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, мазаем и 4**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Узэреплъщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ракурс». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ХьэкIуащэ Андрей и фэеплъ пшыхь (12+)
**7.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсщ. «ЛIыгъэм и дэмыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща Бахъуэ А. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Зы уэрэдым и хъыбар». Къуныжь Хьэждал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Бгыхэмрэ бгырысхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.35** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**17.50** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
**18.30** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**19.00** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Таулу бичакъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Гум къыбгъэдэкI псалъэхэр». ТхакIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд и фэеплъу
**21.05** «Лъэпкъым и узэщIакIуэ». Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, мазаем и 5**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Гум къыбгъэдэкI псалъэхэр». ТхакIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд и фэеплъу
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Лъэпкъым и узэщIакIуэ». Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
Гъащ|эм къигъэлъэгъуащ газетым къытехуэ тхыгъэхэм щ|эупщ|э щагъуэтк|э, ахэр зэхуэхьэсыжауэ тхылъу къыдэгъэк|ыныр зэрытэмэмыр. А гукъыдэжыр Хьэсэнбий да|ыгъащ и бынхэм – Лерэрэ Залымрэ. Налшык къалэм дэт «Фрегат» тхылъ тедзап|эм иджыблагъэ къыщыдэк|ащ Гуэнгъэпщым «Гъащ|э» зыф|ища тхылъыр. Мыбы ихуащ Хьэсэнбий илъэс зэхуэмыдэхэм итха прозэмрэ усэ зыбжанэрэ. Апхуэдэу зэужьым итщ «Гъущ|ым нэхърэ нэхъ быдэт» романым къищынэмыщ|ауэ, «Насыпым къегъэзэж», «Лъагъуныгъэр гъэунэхуак|уэщ» повеститl, рассказибгъу, усищ.

Тхылъым игъуэта ф|эщыгъэм, пэж дыдэу, къызэщ|еубыдэ къалэмыпэм къыщ|эк|а тхыгъэхэм я купщ|эр. Апхуэдэу «Гъущ|ым нэхърэ нэхъ быдэт» романым ди нэгу къыщ|егъэувэ жьыр къыщепщэр имыщ|эу, адэ-анэм я |эф|ымрэ жьауэмрэ щ|эту къэпсэу |эминат и гъащ|эр къызэрек|уэк| щ|ык|эр. Псори къызэтокъутэж ар зэи имылъэгъуа щ|алэм псэуэгъу щыхуэхъу махуэм. Апхуэдэ куэди къэхъуат ик|и зэтеу|эф|эжат, ауэ, гъэщ|эгъуэнращи, унэидзыхьэ ящ|у |эминат зыхуахьа щ|алэми – Абу – хъыджэбзыр иц|ыхуртэкъым, ар къэгъэнауэ и щэнк|и, и ц|ыху щ|ык|эк|и зыхуэдэм щыгъуазэтэкъым. Абу щхьэщымытыж адэм и ныбжьэгъум и |изынк|э епхъуэри къахьауэ арат |эминат... Ауэ и щхьэ кърик|уам къэгъазэ зэримы|эр щ|эх дыдэу зэхэзыщ|ык|а адыгэ ц|ыхубз ц|ык|ум ибг щ|екъузэ, къызыхыхьа унагъуэм зэрахэзэгъэн, псэгъу къыхуэхъуа щ|алэми и пщ|эмрэ и ц|эмрэ зэри|этын |эмалхэр зэригъэпэщу хуожьэ. Тхыгъэм фыгъуэижэмрэ щхьэзыф|эф|агъымрэ къахьыр, лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ узыхуашэр мыбзаджэу къыщы|уэта хъуащ, къык|элъык|уэным ухуэпабгъэу напэк|уэц|хэр къызэбогъэдзэк|. Гъущ|ым нэхърэ нэхъ быдэу къыщ|эк|а ц|ыхубзым и гъащ|эм |эджэ ф|ыгъуэ къызэрыдэк|уэм гупсэхугъуэ къуетыж.



«Насыпым къегъэзэж» повестыр ныбжьэгъугъэм теухуащ жып|эмэ, ущыуэнукъым. Лъык|и благъагъэк|и зэпымыщ|а щ|алит|ыр – Нартыкъуэ Жэбагъырэ Л|ыгуащ|э Мэжидрэ – мызэ-мыт|эу псэзэпылъхьэ ихуат, зым и гъащ|эр адрейм къыщригъэлын хуей щытык|э куэди ирихьэл|ат. Хэку зауэшхуэм хэта щ|алит|ыр зауэм апхуэдизк|э гъунэгъу зэхуищ|ати, щ|ыбагъыншэ дыдэу щыт Мэжид Жэбагъы и адэм къуэ ещ|, ар къэгъэнауэ, щ|эин |ыхьэгъууи къещтэ.

Зэуап|эм |ухьэм къимык|ыжынк|э зэрыхъунур ещ|э. Арыххэуи, абы къипсэу дэтхэнэ дакъикъэри зэхуэдэу лъап|эщ, къэзылъхуахэмрэ къыдалъхуахэмрэ къабгъэдэк|ыу къыхуэк|уэ тхыгъэхэми уасэ я|экъым – къарурэ ф|эщхъуныгъэрэ къыхалъхьэ. К|уэжу имылъагъужа анэм и хъыбар к|апэ къыщылъэ|эск|э, ар къэзытха нанэм и гъусэу къык|эщ|атхэ «Н»-р къуажэ щ|алэхэр щ|ызэпеуэ гъунэгъу хъыджэбз Надиеу егъэувri, гурыщ|э хуещ|, к|уэжмэ, абы ф|эк|а нэгъуэщ| псэгъу имыщ|ынуи нузыр ещ|. Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуа|эщ, жыхуи|эращи, хъыджэбзри щ|алэм хуэхьэщыкъыу къыщ|ок|. Зи унэ къэзыгъэзэжа Мэжид |эджэ лъэпощхьэпои |уощ|э, и насыпыр зы|эригъэхьэн щхьэк|э, ауэ абы хуэк|уэ лъагъуэр гъуэгушхуэу хуэзыубгъур ныбжьэгъуит|ырщ – Хьэсэн ц|ык|урэ Жэбагъырэщ. Насыпыр п|эщ|эк|ыу къыщыпщыхъу меданым абы ухуэфащэу къилъытэмэ, зэ къызэреплъэк|ыжынум и щыхьэтщ тхыгъэр.

«Лъагъуныгъэр гъэунэхуак|уэщ» повестри гъащ|эм куэд дыдэрэ дызыщрихьэл|э |уэхухэм тещ|ык|а хъуащ – фыгъуэм къыхэк|ыу ц|ыхухэр зэрызэф|эк|уэдым, пагагъэм и ягъэк|э лъагъуныгъэр зэрыужьыхым, сыт хуэдэ щытык|э уихуэми, гугъэмрэ ц|ыхугъэмрэ |эщ|ыб пщ|ы зэрымыхъуным. Зэрысабийрэ зэныбжьэгъуу къызэдек|уэк| Муратрэ Рустамрэ гъащ|эм гъэунэхуп|э ирегъэувэ, зэгуэр къадеджэу щыта хъыджэбз ц|ык|ур, иджы пщащэ зэк|уж къызэрыщ|ык|ар, щалъагъук|э. Т|ури хьэщыкъ зыхуэхъуа Надие, пэж дыдэу, ущ|ыдихьэхын дахагъи гъэсэныгъи хэлъщ. Ауэ щ|алит|ым хъыджэбзым къахихыр Муратщ, зи хьэлк|и зи дуней тетык|эк|и нэхъ зэтеубыдауэ щыт щ|алэрщ. |эджэ мыхъумыщ|и къык|эщ|имыщ|ыхьаи Рустам ныбжьэгъуу къэзылъытэм, абы и ягъэк|э гугъуехь куэди имылъэгъуаи, ауэ, ик|эм-ик|эжым, Мурат и насыпыр ток|уэ. Фыгъуэгъум и псалъэр зи ф|эщ хъуа Надие насыпыншэ мэхъу, Рустам фадэм ток|уэдэж. Тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа |уэхугъуэхэр апхуэдизк|э гъащ|эм къыхэхащи, ахэр пэжу щы|а къэхъугъэхэм зэрытращ|ык|ам шэч къытрыуагъэхьэркъым.

Тхылъым ихуа рассказхэми гъащ|эм и ныбзыр къа|эту, уагъэгупсысэу, хьэл-щэн пхэлъын хуейщи, нэхъыф|ыр зыхэплъхьэмэ, узэрехъул|энур къагъэлъагъуэ.

Дунейм адыгэбзэк|э тхауэ зы тхылъ къыщытехьэм деж, уогуф|э – ди лъэпкъыбзэр зэрыпсэунур, абык|э къагъэщ| тхыгъэхэм еджэн зэрыщы|энур хьэкъ пщохъу. Гуэнгъэпщым и къалэмыпэр тхылъымп|эм жагъуэу илъагъуркъым. Абы къыхилъхьэ сюжетхэр щ|эщыгъуэщ, шэщ|ауэ къызэрымык|ми, удахьэх, узык|элъагъэплъ. Хьэсэнбий и |эдакъэщ|эк|хэр зы тхылъу зэрызэхуэхьэсыжам и ф|агъ къызэрык|уэнум шэч хэлъкъым. Ахэр зэу|уу щыплъагъук|э, гъащ|эм нэгъуэщ|ынэк|э дыхагъэплъэж, ар ц|ыху зэхущытык|эхэм къызэрагъэщ|ри зэрызэрагъак|уэри |упщ| ящ|.

Тхылъыщ|эр гъуэгу махуэ теувэну, ар зи |эдакъэщ|эк| Гуэнгъэпщ Хьэсэнбий и |эдакъэщ| куэд дунейм къытехьэну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ТАБЫЩ Муратщ** *ейщ.*

# Къэралым нэхърэ щынэхъ мащ|эщ

**2024 гъэм и дыгъэгъазэм, илъэс п|алъэк|э къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщы|а инфляцэр процента 9 хъуащ. Ар щ|ыдэк|уеям и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ щ|ыналъэм и |уэхущ|ап|эхэм къыщ|агъэк| продукцэхэр къызыхащ|ык|хэм, абыхэм щхьэк|э къагъэсэбэп |эмэпсымэхэм, гъэсыныпхъэхэм, къешэк|ыпщ|эхэм, хъумапщ|эхэм, н. къ. я уасэхэм зэрыхэхъуэ зэпытыр, дунейм и щ|ытык|ари яхэтыжу. Къищынэмыщ|ауэ, языныкъуэ продукцэхэм я|э щ|эупщ|эхэри а п|алъэм къриубыдэу ехуэхащ.**

ПСАЛЪЭМ папщ|э, гъэ к|уам накъыгъэм дунейр уэгъуу зэрыщытам къыхэк|ыу, хадэхэк|ыу кърахьэл|эжам и куэдагъым к|эрыхуащ. Псалъэм папщ|э, к|эрт|офым, бжьыныхум, бэдрэжанымрэ нащэмрэ я уасэм хэхъуэурэ ек|уэк|ащ. Абы нэмыщ|, ипэ мазэхэм сомыр нэхъ пуд зэрыхъуам къыхэк|ыу, язынықъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэк|хэмрэ я уасэм зрачащ, псом хуэмыдэу, зи уасэхэр ахъшэ къек|уэк|ым и курсым зэрызихъуэжым тещ|ыхьауэ щыт продукцэхэм. Апхуэдэхэт хамэ къэралхэм кърашкхъужьхэмрэ бананхэмрэ, нэгъуэщ|хэри.

Ауэ щыхъук|и, ц|ыхухэм хуащ|э язынықъуэ |уэхутхьэбзэхэм я уасэхэм к|эрыхуащ. Абыхэм яхэтщ интернетк|э ялэжь |уэхутхьэбзэхэри.

«Ди щ|ыналъэми, къэрал псом хуэдэу, нэгъабэ и дыгъэгъазэм инфляцэм щыхэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щытар язынықъуэ продукцэхэм къыщ|аупщ|эр нэхъыбэу, зэпэубыдауэ зэрыщытарщ.

Урысей Банкым ставкэ нэхъыщхьэр лъагэу и|ыгъщ, сыт щхьэк|э жып|эмэ, абы |эмал кърет егъэлея щ|эупщ|эр «игъэупщ|ы|ужыну», инфляцэр къызэтригъэувы|эну ик|и абы и лъагагъыр 2026 гъэми процента 4-м ф|имыгъэк|ыну», - жи|ащ Урысей Банкым и къудамэу КъБР-м щы|эм и унафэщ| Къалэ Аслъэн.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщы|э инфляцэр Кавказ Ищхъэрэм и щ|ыналъэхэми къэралми къыщек|уэк|хэм нэхърэ нэхъ мащ|эщ. Илъэс зыбжанэ хъуауи апхуэдэу йок|уэк|.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




# ТХЬЭЗЭПЛЪ Iэниуар: Гуныкъуэгъуэхэр диIэми, дызыщыгуфIыкIынхэри мащIэкъым

***Нобэ ди псэлъэгъущ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м педагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и доцент Тхьэзэплъ Iэниуар. Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным, егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыным, щIэблэ узыншэ, хэкупсэ къэгъэхъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абы икIи и къаруи зэфIэкIи емыблэжу нобэр къыздэсым гурэ псэкIэ пэрытщ а IэнатIэ мытыншым.***

***Тулэ къалэм дэт къэрал педагогикэ университетым кандидат диссертацэр 2004 гъэм щыпхигъэкIащ Тхьэзэплъым. 2009 - 2017 гъэхэм КъБКъУ-м физкультурэмрэ спортымкIэ и факультетым и унафэщIу щытащ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ, щIэныгъэ-методикэ, егъэджэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу 100-м нэблагъэ, къимыдэкIэ игъэхьэзыращ утыкушхуэхэм ихьэу ехъулIэныгъэфIхэр къэзыгъэлъэгъуа спортсменхэр, щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэр. И IэнатIэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым папщIэ Iэниуар къэрал гулъытэ къыхуащIащ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр мызэ-мытIэу къратащ.***

**- Iэниуар, фи деж нобэ щеджэхэм спортым пыщIауэ куэд яхэт?**

- Япэрауэ, спортымкIэ факультетыр щыIэжкъым. 2017 гъэм педагогикэмкIэ институтымрэ дэрэ дызэхагъэхьэжащ. ИужькIэ Къардэн Муратрэ сэрэ ректорым зыхуэдгъазэри, «ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ институт» фIэщыгъэр зэрихьэу едгъэщIащ, нэгъуэщI мыхъуми факультетым щыщу зыгуэр къыхэщу щытынщ жытIэри.

Мыдрейуэ ди деж щеджэхэр хэт хъуну жыпIэмэ, спорт къудамэр къыхэзыхахэр куэд хъуркъым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Япэм спорт факультетым укъыщIэтIысхьэн, ущеджэн папщIэ студентхэм яхуэдгъэуву щыта мардэхэр диIэжкъым. СпортымкIэ япэ разряд зиIэхэр, мастерым и кандидат, спортым и мастер цIэхэр зезыхьэхэр куэду къыщIэтIысхьэу щыташ нэхъапэм, спортымрэ физкультурэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр яIэу, щIэныгъэ кууи ябгъэдэлъу. Ди студентхэм иджыпсту апхуэдэхэр яхэткъым.

Спортым ехъулIэныгъэфIхэр щызиIэ ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэгъуэщI щIыналъэхэм я еджапIэхэм щIотIысхьэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дызэхагъэхьэжу институтыщIэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсий хъунущ дызыхыхьа илъэсми, абы щыщу илъэсиплIым студентхэр къэтщтакъым, бюджет мылъкукIэ едгъэджэну Iэмал зэрыдимыIэм къыхэкIыу. Едгъэджэнухэр илъэс къэс къэтщтэну Iэмал диIэкъым, аращи, щыIа мардэхэр къызэпыуда хъуащ, уеблэмэ, къутэпащ.

Япэм еджакIуэу щищым щIигъу диIэу щыташ. Иджыпсту псори зэхэту къапщтэмэ, цIыхуищэм тIэкIукIэ щIигъуу аращ. Факультетым иIа статусыр къыдэфтыж жыпIэу захуэбгъэзэнуми, апхуэдэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ диIэжкъым. Мыдрейуэ, дызэрымащIэр ялъагъури, абыи дыкъелъахъэ.

Мыри къыхэзгъэщынут: ди гъунэгъу щIыналъэхэр къапщтэмэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланиеми, Ингушми, Шэшэнми, Дагъыстэнми, Ставрополь крайми, Краснодарым и гугъу сщIыххэркъым, псоми бюджет лъабжьэкIэ еджакIуэхэр къащтэ, дэ апхуэдэ Iэмал диIэкъым. СпортымкIэ унэтIыныгъэ зыхуедгъаджэхэм ятещIыхьауэ илъэс къэс къэралым бюджет тIысыпIэу 50 къыдиту щыташ, аспирантхэр хэтмэ – 62-рэ. Иджы ар псори кIуэдыжащ.

**- Институтыр къэуха нэужь, фи деж щеджахэм я Iуэхур адэкIэ зэрыхъум фыщыгъуазэ, Iэниуар? Абыхэм ящыщу дапхуэдизым школхэм физкультурэмкIэ щрагъаджэрэ, тренеру лажьэхэр яхэт? ЕджапIэхэм а предметыр щегъэджыным и Iуэхур сытым тет?**

- Ди деж щеджахэм я нэхъыбэр щылажьэхэм дыщыгъуазэщ, дауи, я Iуэху зытетхэми мыIейуэ хыдощIыкI. Мыдрейуэ, илъэс куэд хъуауэ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым дэIэпыкъуэгъуу сыщыIэщ, Парламентым и Жылагъуэ советми сыхэтщ, депутатми сридэIэпыкъуэгъущ. КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амир и гъусэу Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и зэIущIэ зыубгъуа зэредгъэкIуэкIыным иджыпсту зыхудогъэхьэзыр, а къэпIэта Iуэхугъуэхэри абы къыщыхэтлъхьэну ди мурадщ. Абы едгъэблэгъэнущ республикэм и щIыналъэхэм я администрацэхэм, егъэджэныгъэмкIэ я департаментхэм я лIыкIуэхэр, курыт, спорт еджапIэхэм я унафэщIхэр. ЗэхэдгъэкIынущ физкультурэмкIэ щIэныгъэ яIэу цIыху дапщэ сабийхэм ядэлажьэми, а IэщIагъэм хэхауэ хуемыджауэ школхэмрэ спорт еджапIэхэмрэ дапщэ щыIэми.

Уеблэмэ а Iуэхум ехьэлIа пщэрылъ къытщищIауэ щыташ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек икIи къыджиIат ар зэхэдгъэкIыу абы кърикIуахэр и пащхьэ итлъхьэну. КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт нэгъабэ къызэригъэпэща зэIущIэм сэ ди Iэтащхьэм щеста упщIэм жэуапу къритыжар арат. КIуэкIуэ Казбек зэрызыхуагъазэ тхыгъэ дгъэхьэзырынущ икIи абы къыщыдгъэлъэгъуэнущ спортымрэ физкультурэмрэ ехьэлIа Iуэхухэр зыIутыр, ди гукъеуэхэмрэ дызытегузэвыхьхэмрэ къыхэщу.

Сэ апхуэдэуи солажьэ я IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт центрым и унафэщIу. Мыбдежми, зи IэщIагъэм хэзыгъэхъуэну ди деж къакIуэ, сабийхэм ядэлажьэ егъэджакIуэхэмрэ тренерхэмрэ физкультурэм хуеджауэ яхэтыр процент щэ ныкъуэм щIигъуркъым, адрейхэм я IэнатIэм хуэфэщэн щIэныгъэ ябгъэдэлъкъым. Псалъэм папщIэ, школхэм тхыдэмкIэ, физикэмкIэ, ОБЖ-мкIэ е нэгъуэщI предметхэмкIэ щезыгъаджэхэм физкультурэ дерсхэри ирагъэкIуэкIыну иратри, ари зэдахьу аращ.

ИтIанэ, ди институтым пэщIэдзэ классхэм физкультурэм щыхуегъэджэнымкIэ теориехэмрэ методикэхэмрэ жиIэу дерс щыIати, абы хуэмейуэ къалъытэри, Iуахащ. Иджы курыт еджапIэхэм я япэ классхэм щIэсхэм фикультурэмкIэ ядэлажьэр езы классхэр зыIыгъ егъэджакIуэхэрщ, абы щхьэкIэ зыхуэныкъуэ щIэныгъэ ябгъэдэмылъу. Абыи арэзы техъуэгъуейщ.

**- Шэч хэлъкъым щIэблэ узыншэ уиIэныр псом нэхърэ зэрынэхъапэм. Сабийр мыузыншэмэ, сымаджэрилэмэ, ар тэмэму пхуегъэджэнукъым. Апхуэдэу къэмыхъун щхьэкIэ, сабийм и узыншагъэр зыгъэбыдэ спортымрэ физкультурэмрэ школхэм куэду щрагъэджын хуейуэ къызолъытэ. Физкультурэм школхэм тхьэмахуэм къриубыдэу дерситI щыхухахыу аращ иджыпсту, сэ зэрысщIэмкIэ. Ар мащIэ дыдэщ икIи а дерсым зэману хухахыр нэхъыбэ ящIмэ нэхъ сфIэтэмэмщ сэ, ди щIэблэм я узыншагъэр абы щелъытакIэ. А Iуэхум уэ дауэ уеплърэ?**

- Си деж къакIуэ егъэджакIуэхэм абы теухуауэ щапхъэу къахузохь Китайр. Физкультурэм дерсыр тхьэмахуэм къриубыдэу хэ щрагъэкIуэкI а къэралым. Дерсиплыр узыншагъэр гъэбыдэным хухах, тIур - физкультурэм. ФIы дыдэт абыхэм я щапхъэр дэри къэтщтэнтэ, ауэ апхуэдэ зэфIэкIхэр дэ диIэкъым, курыт еджапIэхэри абы хуэхьэзыркъым.

Япэрауэ, ди школхэр физкультурэмкIэ зыхуей-зыфIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщакъым, спорт IэмэпсымэхэмкIэ, обрудованэхэр псоми яIэкъым. Уеблэмэ а щыIэ тIэкIури мыхьэнэншэ хъуурэ макIуэ, ахэр къызэрагъэщIэрэщIэжын мылъку ябгъэдэлъкъым.



Курыт еджапIэщIэхэр иджырей технологиехэмкIэ къызэгъэпэщащ, спорт IэмэпсымэхэмрэобрудованэхэмрэщыIэщ, иджырей IэрыщI алэрыбгъухэр зэрылъ джэгупIэхэри хуащIащ, ауэ школыжьхэм, къуажэм дэтхэм я Iуэхур а мардэм нэсыным иджыри куэд хуейщ. Пэжщ, иужьрей илъэсхэм республикэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI еджапIэщIэхэр ухуэным, щыIэхэр зэгъэпэщыжыным теухуауэ икIи догугъэ Iуэхур адэкIи ефIэкIуэну. Ауэ апхуэдэу хъун щхьэкIэ дэри тхузэфIэкI тщIэн хуейщ, ди Iуэху еплъыкIэхэр къэдгъэлъэгъуэным, ахэр зэрыпхыдгъэкIыным яужь дитыпхъэщ.

Сэ сыарэзыщ жыпIамкIэ: сабийм узыншагъэ бгъэдэмылъмэ, физики, тхыдэджи, нэгъуэщIи хъунукъым, щIэныгъэри хуэгъэкIуэтэнукъым. Куэд щIауэ къэтIэта Iуэхухэм ящыщщ ар, ауэ пыухыкIауэ зыгуэрым дыхуэкIуэфакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, 2009 гъэм Правительствэм пщэрылъ къытщищIри, цIыхуищ дыхъуу: Хоренкэ Сергей, Къуэжэм Аслъэн, сэ, программэ зэхэдгъэуваэ щыташ. Ар зытеухуар физкультурэмкIэ ещанэ дерс школхэм я тхьэмахуэ программэм хэгъэхьа хъунырт. Псори хъарзынэ хъуат, ауэ футболым и закъуэ ар щIрапхыжар къыдгурыIуакъым.

Абы нэмыщI, тхьэмахуэм къриубыдэу физкультурэмкIэ дерсыр щэ ирагъэкIуэкIыу ящIыным и пIэкIэ, етIуанэ урокхэр кIэрауд, ирамытыж хъуащ. Хэт абыкIэ жэуап зыхьын хуейр, жыпIэмэ - директорхэращ. ЩIыпIэ норматив актхэр щхьэхуэу зэхагъэувэ абыхэми, физкультурэр зыщIыпIэкIэ къыщыпатхэ, ауэ къыбгъурыт къудейуэ.

Сабийхэм я узыншагъэм кIэлъыплъыным и гугъу пщIымэ, курыт еджапIэхэм егъэбыдылIауэ, улахуэ къыщрату медицинэ лэжьакIуэхэр яIэу сщIэркъым. Къуажэхэм дэт фельдшер-акушер пунктхэм щылажьэхэр штатым хэмыту еджапIэхэм ирапх. КIэщIу жыпIэмэ, сабийм и щытыкIэр, физкультурэм ар зэрыхуэхьэзырыр къызыхуэфIыуэхуэхэр мащIэщ. Апхуэдэуи егъэджакIуэхэм ящыщ куэдым я къалэнхэр тэмэму ягъэзащIэу пхужыIэнукъым. Мис апхуэдэ ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ физкультурэр курыт еджапIэхэм щегъэкIуэкIыным.

Къалэм дэсхэм я Iуэхухэр нэхъ тынщ абыкIэ. Спорт еджапIэм щIэсхэм, спортым зыхуэзыгъасэхэм физкультурэмрэ спортымкIэ диспансерым къащыкIэлъоплъ, я узыншагъэр зыхуэдэр щызэхагъэкI.

**- Зызыхуигъэсэну спортыр ныбжьыщIэм къыхихынымкIэ дэIэпыкъунми и гугъу тщIыну сыхуейт. Мыпхуэдэ къыщыхъу щыIэщ: сабийр езыр хуэмейуэ адэ-анэхэм ахэр спорт лIэужьыгъуэ гуэрым, езыхэм нэхъ ягу ирихьым, ягъакIуэ. Е щыIэщ езы цIыкIур и ныбжьэгъум ехъуапсэрэ и гъусэу абы кIуэн щIидзауэ, ауэ сабийм и Iэпкълъэпкъ зэхэлъыкIэкIэ абы хэмызагъэу. Тренерхэм мыбдеж къалэнышхуэ я пщэ къыщыдохуэ: Iуэхур зэхагъэкIыу, сабийр гугъу ирамыгъэхьу, ар яунэтIыну.**

- Си гум укъиипсэлъыкIащ иджыпсту. Ар куэд щIауэ жыдоIэ, илъэсипщI хъуауэ яужь дитщ. ДиагностикэмкIэ центр жытIэу, зэдгъэпэщыну ди мурадащ, щIыпIэ Парламентри Правительствэри зыдэдгъэIэпыкъуу. «Сириус»-р къыщызэIуахам щыгъуи, «ДыгъафIэ къалэми» зы пэш цIыкIу къыщеIытхыу абы дыщылэжьэну дыхуеяти, ари тхупхыгъэкIакъым.

УФ-м и «Олимп советым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, щIалэ хъарзынэ Заруцкий Александр иджыпсту къыддоIэпыкъу. «Рекордика» фIэщыгъэр зэрихьэу Нартсанэ къалэм IуэхущIапIэ дэтщ УФ-м и Олимп комитетым ейуэ. Абыхэм я щIэныгъэлIхэр илъэсым къриубыдэу тIэу-щэ абы къытхуишэурэ сабийхэм я зэфIэкIхэр къапщытэ.

Дэри апхуэдэ Iэмалхэр мыгувэу диIэнущ. Ахъмэт Амир щапхъэу къыщIэсхьар аращ ищхьэIуэкIэ. Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием зрагъэубгъу иджыпсту. СпортымкIэ медицинэ диспансер щаухуащ, щIагъэувэну иджырей оборудованэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къащэхуащ, лъым ехьэлIауэ биохимие анализхэр щыпхуегъэкIуэкI хъунущ. АбыкIэ къыпхуэщIэнущ сабийм и узыншагъэр зыхуэдэм и мызакъуэу, абы къыхиха спортым ар зэрыхуэкIуэ щIыкIэри, и къарукIэ, и зэфIэкIкIэ нэхъ зэхъулIэнури.

Мыдрейуэ, къалэм дэт «Призвание» медколледжым и унафэщI Щоджэн Едыдж абы къыщызэIуиха щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым хэтщ профилактикэмрэ спорт медицинэмкIэ лабораторэ. УнафэщIу ягъэувар медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Iумэт Муратщ. Абы къыджиIащ «Пять колец»-м и гъусэу лэжьэну зэригуапэр. Аращи, ди гугъэщ адэкIи-мыдэкIи мыкIуатэу къэна «абрэмывэр» и пIэм идгъэкIуэтыфыну.

**- Iэниуар, спортым и Iуэхур республикэм щыхэплъэгъуэ хьэмэрэ фIыр нэхъыбэ?**

- Уи спортсменхэр уэ щыпхуемыгъэджэжым деж, ухуей-ухуэмейми, зэбграш, нэгъуэщI щIыналъэхэм я еджапIэхэм щIотIысхьэ, абы къыхэкIыу, ди Олимп медалхэр абыхэм я деж макIуэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, ди спортсменхэм зэхьэзэхуэхэм щаIэ ехъулIэныгъэхэмкIэ, медалхэмрэ зачётхэмкIэ дыIейкъым. Ауэ кууэ ухэплъэмэ-щэ? Ди республикэм щыщхэр Олимп чемпион щыхъур дэнэ? Хамэ щIыналъэхэрщ. Ипэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху ди деж зыщигъэсауэ, спортым и дэкIуеипIэу хъуар зэпичауэ Олимпиадэм щытекIуауэ спортсмен диIэкъым. Апхуэдэу щIыщытыр къыбжаIэ ищхьэIуэкIэ дызытепсэлъхьа псоми. Ауэ а Iуэху псоми фIыкIэ зедгъэхъуэжын папщIэ лъабжьэхэр щыIэщи, абыхэм делэжьын хуейщ.

ЖыпIэнурамэ, гуныкъуэгъуэхэр диIэми, дызыщыгуфIыкIынхэри мащIэкъым. Ди спортсменхэр дунейпсо утыкухэм ихьэу, текIуэныгъэхэр къыщахьу зэрыщытым ди лъэр жан ещI.

**- Нэгъабэ илъэс 70 урикъуащ, Iэниуар. Си гуапэу сынохъуэхъу, уи дэрэжэгъуэр мыкIуэщIу иджыри куэдрэ упсэуну, уи хъуэпсапIэхэр къохъулIэну! Уи гъащIэм и къекIуэкIыкIамрэ уи унагъуэмрэ тIэкIу укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

- ГъащIэм сыхуэарэзыщ. Сэ спортым педучилищэм сыщыхуеджащ, лъабжьэ лъэщ къызитащ. Абы щызэзгъэгъуэта щIэныгъэм и фIыгъэкIэ зыкIи къызэмыхьэлъэкIыу диплом плъыжькIэ мы еджапIэр къэзухыжащ. Ауэ, ди спорт факультетым ипэкIэ, Краснодар къалэм физкультурэмкIэ и институтым тIэунейрэ сыкIуащ, ауэ сыщIэхуакъым, химиемкIэ сыкIуэцIрымыкIыу. 1974 гъэм ди факультетым сыкъыщIэтIысхьащ.

Сахуэарэзыщ си гъэсакIуэу щыта Дау Хъусен, адрей сезыгъэджа псоми. Ахэр къарууфIэу, пкъыфIэу, спортым къыхуигъэщIауэ щыташ.

УнагъуэкIи дытэмэмщ. ЩIалэрэ хъыджэбзрэ диIэщ, къуэрылъху-пхъурылъхухэм дагъэгуфIэ зэпытщ. Си щхьэгъусэри илъэс 40-м щIигъуауэ мыбы щолажьэ. ЗэрыжаIэу, фIымкIэ дыплъэу, гугъэ дахэхэр ди гум щыдгъафIэу допсэу.



**ФизкультурэмкIэ факультетым и юбилейм кърихьэлIахэр.** *27.10.2012 гъэ*

*Епсэлъар* **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ** *Олегщ.*




● Шхыныгъуэхэр

# КІэртІофрэ кхъуей цІынэрэ зыдэлъ дэлэн



Фэ темылъу гъэва кІэртІофыр ягъэупщІыІу, кхъуей цІынэр тыкъыр цІыкІуурэ зэпаупщІ. А псори лыхьэжым щабэу щІагъэкІ, тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий, джэдгын халъхьэ, фІыуэ зэхагъэзэрыхь. ІэшкІэ ящІри ягъэтІылъ. ИтІанэ пщагъэ зыхэлъ тхьэв яху, абы кІэртІоф ІэшкІэ тралъхьэ, тхьэв кІапэхэр зэкІэрагъэпщІэжри, хупхъэкІэ хъурейуэ яху, и Іувагъыр см 2 хуэдизу. Дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэри, захуэ ящІыж. И кум сапэкІэ гъуанэ хуащІ, хьэкулъэм ирагъэувэри хьэзыр хъуху, дакъикъи 10-11-кІэ, ягъажьэ. Тебэр къытрахыж, дэлэным тхъуцІынэ щахуэ, Іыхьэурэ зэпаупщІри хуабэу яшх, шатэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр:*

тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 400, псыуэ - г 200, пщагъэу - г 10, джэдыкІэу - ныкъуэ, фошыгъуу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

*Дэлэным дэлъынур:* кІэртІоф укъэбзауэ - г 600, кхъуей цІынэу - г 400, бжьын цІынэу - г 100, шатэу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз, дэлэн жьам щахуэ тхъуцІынэу - г 30.

*«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.*

# Мандариныр зи дамыгъэ

Мыр илъэсыщІэр уигу къэзыгъэкІ пхъэщхьэмыщхьэщ, къэрал куэдым щашх. Езым и хэкур Китайращ. Урысейм къыщысар 19 лІэщІыгъуэхэрщ, ар Европэм къэрашауэ щытащ. И цІэр къызытекІар и плъыфэрщ.

Китайм плъыжьыфэ-гъуэжьыфэм мандаринкІэ щоджэ. Ар зышххэм я щытыкІэр апхуэдизкІэ нэхъыфІ хъууэ къалъытэрти, щІалэ укъэзыщІыж пхъэщхьэмыщхьэу трагъэІукІауэ щытащ. КъищынэмыщІауэ, китайхэр хьэщІапІэ щыкІуэкІэ, мандаринитІ нэхъ мыхъуми яІыгъын хуейт. Абы беягъэ къишэу къалъытэрти, дыщэм пащІырт. Къапщтэмэ, Китайм илъэсыщІэм унэм щІагъэувэр псейкъым, атІэ мандарин жыгщ, фІадзэри а пхъэщхьэмыщхьэращ.

1927 гъэм мандарин лІэужьыгъуэу 27-рэ щыІэу къалъытэу щытащ. иджыпсту ар куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ, уеблэмэ апельсинрэ мандаринрэ зэхагъэкІэри клементин къежьащ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ** Синэ.



● Фэ фщІэрэ?

# Къуалэбзухэм я цІэхэр

**Галка альпийская** – Къуалэпэгъуэ.
**Огарь** - Къазплъыфэ.
**Каравайка** - Шэмэджыпэбзу.
**Овсянка камышовая** - КъамылкІырыкъ.
**Кваква** - Псыхэуэпщагуэ, псыхэуэпщэкІэщІ.
**Мухоловка** - Жьыкъан.
**Пеночка** - ЦІужьомэ.
**Сверчок** - Бзужэр, бзубгъэгуху.
**Галстучник** - Щхьэщ, пшахъуэджэд.
**Выпь** - БгъэкІэхь, къамылджокъ.
**Кеклик** - Къуршджэд.
**Поползень** - КъэбцІацІэ.
**Снегирь кавказский** - Бзупагуэ.
**Волчок** - БгъэкІэхьцІыкІу.
**Пеликан кудрявый** - Жьэдзыуэин.



**Сип белоголовый** - Бгъэпщэху, бгъэпщэпцІанэ.
**Улар** - Жумэрэкъ, къуршгуэгуш, къущхьэхъуджэд.
**Вяхирь** – Тхьэрыкъуэпщэху.
**Дубонос** – Дубэкъ.
**Сорока** - Къанжэ.
**Глухарь** - Бзудэгу.
**Султанка** – НатІэплъджэд.

● Псалъэ пэжхэр

# Гуапагъэр лейкъым

**КъэкІуэнум фемыгупсысмэ - апхуэдэ фиІэнукъым.**

**Закъуэныгъэракъым цІыхум дежкІэ нэхъ Іей дыдэу щыІэр, атІэ уи Іэр зэтедзауэ ущысынырщ.**

**Дэтхэнэри цІыху пэжу щытыным хущІокъу, ауэ куэдым къайхъулІэркъым.**

**ЛІэныгъэм Іейуэ хэлъри? Уэ дунейм утокІыжри, фІыуэ плъагъу псори къонэ.**

**Гуапагъэр - зи лейри зэран мыхъу хьэлщ.**

**Лъэпощхьэпохэм щышынэ лъагъуныгъэр лъагъуныгъэкъым.**

**ГушыІэныр зыхэвмын. ЦІыхум дежкІэ гушыІэр зыхуэдэр розэм къыпих мэ гуакІуэрщ.**

**Делэращ псори ищІэу жызыІэфынур.**

**ГъащІэм нэхъ Іейуэ хэлъхэм ящыщщ пщІар зэпхъуэкІыжыну Іэмал ущимыІэм деж.**

**ЦІыхум пщІэ яхуэпщІыным къикІыр уи щхьэм пщІэ хуэпщІыжынырщ.**

**ЦІыху псори зэщхьщ: зэрахузэфІэкІкІэ нэхъыбэ къащтэ, ауэ ятыр нэхъ мащІэщ.**

**Гухэлъыр мэкІуэд жыыбгъэм щыхэбутІыпщхьэм деж.**

**ЦІыхум укъызэрыщыхъур уэ зыкъызэрыбгъэлъагъуэм хуэдэущ.**

ГОЛСУОРСИ Джон.

● ЖыІэгъуэхэр

# ЛІыфІ зыдэс жылэ цІэрыІуэщ

**Насыпыр цІыхум куэдрэ къеуалІэркъым, къыпхуэкІуам быдэу хъумэн хуейщ.**

**Быныр нэхъыбэу зыгъасэр уи псалъэркъым, блэжь Іуэхухэращ.**

**ЦІыхубэм пашэу укъалъытэн щхьэкІэ, уи зэфІэкІыр къащІэн хуейщ.**

**ФІы зыхуэпщІэм пщІэкІэ ущымыгугъ.**

**ЦІыхур езыгъэшыр лэжьыгъэракъым – лэжьыгъэншагъэращ.**

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкІуэкІыу:* **1**. ЩІалэ фІыцІэ, къамылыфэ. **3**. Данэ щэкІ пІащІэ. **7**. Унагъуэ хадэ зиІэм зэрихьэ ІэмэпсымэЭ. **9**. Гъур, пхъашэ. **10**. Нарт Дэбэч и ІэщІагъэ. **11**. Мыдэф и ... кІыхьщ. **12**. ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **14**. Сабийхэм уэрамым къыщрахуэкІ хьэпшып. **16**. Гуэдз щаІуэкІэ хьэуазэм къыщІокІ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу. **18**. Ди къэралым ис муслъымэн лъэпкъышхуэ. **19**. ... уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ.

*Къехыу:* 1. Дагъыстэн лъэпкъ: абыхэм ящыщ щэ бжыгъэхэр ди республикэм щопсэу. **2**. ЗызыгъэпІий, зыкъызыфІэщІыж. **4**. ЦІыхубзхэм зэрызрагъэщІэращІэ хьэпшып цІыкІу. **5**. Къэнжал хьэку цІыкІу. **6**. Зэпэхъурейуэ пшэр. **7**. Сосрыкъуэ бзаджагъэкІэ чом къыдиха и къэшэныр, Джылахъстэн и пхъур. **8**. КъэгъэшыгъуафІэ. **12**. Тхылъым и «джанэ». **13**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **14**. ЩІакхъуапхъэ. **15**. Дыгъухэм ирахужьа шы гуартэр къытрахыжын мурадкІэ кІэлъыщІэпхъуа гуп. **17**. Зыщышынэн имылъагъумэ, ар Іуащхьэм докІ.

*Зэхэзылъхьар* **Мыз Ахьмэдщ**.

**ЩІышылэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** 1. ЗекІуэ. **3**. Убла. **8**. Уэрдэ. **9**. Адыгэ. **10**. НэщІ. **11**. КІуэуэ. **13**. ИщІэр. **15**. Уеуб. **18**. Губгъуэ. **21**. Лэгъу. **23**. Птымэ. **24**. Елъэри. **25**. Илъагъу. **26**. Хущхъуэ.

***Къехыу:*** 1. Зыуи. **2**. КІуэдмэ.**4**. БжыкІэ. **5**. Ажэм. **6**. Ізнэ. **7**. МащІи. **12**. Ущу. **14**. ЩІыб. **16**. Емыса. **17**. Блэр. **18**. Гугъуехь. **19**. ГъусэфІщ. **20**. Еплъи. **22**. ЗиІэ.

# Гъуазэ лъагапIэр

**Мы цIэр зезыхьэ лъагапIэр Кавказ Ищхъэрэм бгыщхьэ лъэныкъуэмкIэ гузэпыщIэу декIуэкI тхыцIэ зыбжанэм ящыщ «Къырылъэ шытх» («Скалистый хребет») жыхуаIэрщ зыхиубыдэр.**



МЕТР 3529-рэ зи лъагагъ Гъуазэ (Уаза, Уазахох) бгыр Осетие Ищхъэрэ - Аланием и щIыналъэм щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ нэхъ къыщыпэгъунэгъу Ираф районым (Дигорием) итщ.

Нэхъри дгъэбелджылымэ, ди республикэм и Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Ташлы-Тала балъкъэр къуажэ цIыкIум (Хъырзынэпс къуршыпс уэрым Iусщ) деж ди республикэм щигъунапкъэ Лахумедон (адыгэхэм «Шыбэ-къуэ», иныкъуэхэм дежи «Гъуазэ» хужаIэ) псыр ищхьэхэмкIэ къыщежьэ бгы екIуэкIым ущызыIущIэ Iуащхьэ телъыджэщ.

Чэщанэ теплъэ зиIэ, «Гъуазэ» зыфIаща къырылъэ абрагъуэр метри 100-кIэ зыщхьэщыпIиикI тхыцIэ екIуэкIыр абдежым, сэтей теплъэ щиIэу, щыджафэщ, щхьэдэхыпIэкIи къулейщ.

## Лэскэн псыхъуэ

Зыкъэсщтэжынщи, Лэскэн псыхъуэ къыщыхъуа сэ мы Iуащхьэ къызэрымыкIуэр сызэрыцIыкIурэ сызыIуплъэ лъагапIэщ. Сыту жыпIэмэ, къуажэхэу Лэскэн ЕтIуани Ерокъуи удэту, уафэр къащхъуэрэ дунейри щыбзыгъэу, къуршхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ зыбгъазэмэ, уи нэм зэ плъэгъуэкIэ къыхуэубыд, чэщанэ теплъэ зиIэ лъагапIэщ мыр.

Куэдрэ згъэщIагъуэрт: «Уарэ, пэж дыдэу а Iуащхьэр, уи нэр теплъызэрэ удэзыхьэхыу, мыбдежым зэрыщыслъагъуу, адрей лъэныкъуэмкIи щыапхуэдэу пIэрэ?» жысIэу.

Ауэрэ, къуршхэм, псыхъуэхэм, щIым и зэхэлъыкIэм нэхъри сыдахьэх щыхъуа лъэхъэнэм, езы Тхьэшхуэр абыкIэ къысхуэупса фIэкIа сымыщIэну, сэ цIыхугъэ схуэхъуащ фIэщыгъэхэм я къэунэхукIэ хъуар зэхэгъэкIыным, ди лъэпкъым ахэр къызэрапсэлъу щытар къэтIэщIыжыным илъэс куэдкIэ яужь ита, ноби а Iуэхум пэрыт, дзэм илъэс бжыгъэкIэ хэта, отставкэм и полковник, ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ къэрал зэхуаку академием (Международная Академия образования) и член-корреспондент, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Узыншагъэр хъумэнымкIэ цIыху пажэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Тохъу Мухьэмэд.

А лIым, дэфтэрхэми къахихыжу нэхъыжьхэми къаригъэIуэтэжу, тхылъымпIэм тригъэзэгъахэм ящыщщ ди лъэпкъэгъухэм ижькIэрэ я кIуапIэу щыта Гъуазэ (Уазахох) бгым зэреджэм ехьэлIауэ адэкIэ къыщытхьынухэри.

«Лэскэн щIыналъэм ит языныкъуэ къуажэхэм дэсхэм я дежкIэ, нэмэз щащIкIэ е Тхьэ щелъэIукIэ, Гъуазэ (Уаза, Уазахох) бгыр здэщыIэр къаблэмэ папщIэт. КъинэмыщIауэ, а Iуащхьэм и теплъэм и зыхъуэжыкIэмкIэ дунейм и щытыкIэм и зэблэхъукIэр адыгэхэми осетинхэми къыращIэрт», - щетх Тохъу Мухьэмэд зи гугъу тщIы и тхыгъэхэм ящыщ зым.

Мы бгым ехьэлIауэ Тохъум къигъуэтыжахэм яхэтщ адэкIэ зи гугъу щытщIынухэри.

***Гъуазэ (Уаза)*** - Лахумедон псым (километр 18 и кIыхьагъщ) адыгэхэр зэреджэу щытам язщ, Ташлы-Тала деж ди республикэм и Лэскэн щIыналъэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ щрагъунапкъэщ. Зэреджэм мы и жыIэкIэр, зэрынэрылъагъущи, къыщежьэ бгым епхащ.

Адыгэхэм, а псым и гугъу щащIкIэ, «Гъуазэ» фIэщыгъэри ижькIэрэ къызэрапсэлъу щытам щыхьэт тохъуэ XVIII лIэщIыгъуэм икухэм урыс пащтыхьым и къулыкъузехьэ-геодезисту Кавказым щыIа Чичагов Степан. 1744 гъэм абы зэхигъэувауэ щыта ланд-картэм Лахумедон псым и цIэр зэритыр (Тохъум къызэрихутауэ) «Ваза» («Гъуазэ», «Уаза») жиIэущ.

АрщхьэкIэ, ищхьэкIи къызэрыщыхэдгъэщащи, мы псым папщIэ адыгэхэм «Шыбэкъуэ» фIэщыгъэри къагъэсэбэпырт, уеблэмэ тIэкIукIэ нэхъ ебэкIыу.

***Гъуазэ аранэ*** (Гъуазэм и щыгу) - «Мы бгыр адрейхэм гъэщIэгъуэныщэу къазэрыхэпцIыхукIыфыну и нэщэнэхэм ящыщ зыщ, щыхупIэ теплъэ зиIэрэ захуабзэу зыщхьэщыт шытх екIуэкIым ар, Пушкин Александр «Руслан и Людмила зыфIища и псысэ-поэмэм зэрыхэтым ещхьу, лIыхъусэжь гуэрым и жыр пыIэ хуэдэуи, бийм иризыщахъумэн папщIэ, цIыхухэм яухуа чэщанэ абрагъуэуи а щIыпIэм зэрыщыплъагъуфынур, - щетх адэкIэ Тохъу Мухьэмэд зэхуихьэсыжа и тхыгъэхэм. - А бгым мэкъу Iэтэ теплъи иIэщ. Абы къыхэкIыу, Лэскэн псыхъуэдэсхэм гушыIэ папщIэу жаIэр ар абдежым щыпызупщIа гуэрым къыфIэмыIуэхужу къытринауэщ.

***Гъуазэ дамэ*** - Iуащхьэ къыхэпIиикIым къуэкIыпIэмкIэ щиIэ гузэпыщIэщ, щхьэдэхыпIэщ, метр 3445-рэ и лъагагъщ, ищхъэрэкIэ ущыту ущеплъкIэ, здэщыIэр сэмэгумкIэщ.

***Гъуазэ натIэгу*** - къедза щхьэдэхыпIэхэм я курытщ, метр 3271-рэ и лъагагъщ.

«Зэман жыжьэм псэуа ди лъэпкъэгъухэм мыпхуэдэ псэлъафи яIащ: «Гъатхэм, уафэр Iуащхьэмахуэрэ Къэблэмрэ я зэхуаку къыщыгъуагъуэмэ, уэлбанэр ищхьэм кIуащ». КърагъэкIыр - «уэшхыр уафэгум къыщынащ!» жыхуиIэрт. Ауэ, мыбдежым псалъэжьым «къаблэмэ» щыжиIэкIэ зи гугъу щищIыр, дауи, Осетиемрэ Къэбэрдеймрэ ижькIэрэ я гъунапкъэм тета Гъуазэ бгыр аракъым, атIэ ди щIыналъэм щыпсэухэм нэмэз щащIкIэ я щхьэр здагъэзэну къахуихуэ ипщэ лъэныкъуэрщ, ар сыт хуэдэ Iуащхьэ хуэмызэми. Осетинхэм я Iуэры-Iуатэм зэрыхэтымкIэ, Гъуазэ (Уазахох) бгым и щхьэм Дыгъэм ипхъу Агундэ щопсэу», - щетх адэкIэ Тохъум зи гугъу тщIа и тхыгъэхэм ящыщ зым.

## Зэреджэр сытым къытехъукIа?

Тохъу Мухьэмэд мы Iуащхьэм ехьэлIауэ итхыжахэм мыри ящыщщ:

«Твёрдый Александр щIыпIэцIэхэр щызэхуихьэсыжа «Топонимический словарь Кавказа» и тхылъым Гъуазэ бгым ехьэлIауэ къыщихьыр, дауи, арэзы дыкъэзымыщIщ! Сыту жыпIэмэ, и фIэщыгъэм къикIыр адыгэбзэм къыщилъыхъуэн дэнэ къэна, осетиныбзэм хопэщэщыхьри (абыкIэ зыгуэр къелъэIуа хуэдэ), мы псалъэхэр къехь: «Вазахох... Этимология названия несколько затемнена, но, возможно, ороним состоит из двух составляющих: «вазыг» - «сложный» и «хох» - «вершина». «Сложная вершина». Хотя не исключено, что в основе первой части оронима лежит имя собственное «Ваза», - «гора Вазы».

Зэрынэрылъагъущи, осетиныбзэм щыщу къихьа щапхъэхэр, тIури, зыри ищIыскъым, бгым и фIэщыгъэр адыгэбзэм IупщIу къызэрыщыхэщым елъытауэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лъахэхутэу зыкъэзылъытэжхэм я нэхъыбэм апхуэдэ бгъэдыхьэкIэщ хуаIэр къэбэрдей адыгэхэр ижькIэрэ щыпсэуа щIыгум къыщекIуэкIыу щыта щIыпIэцIэхэр къыщахутэжкIэ...».

Мы тхыгъэм и кIэухыу мыри къыхэдгъэщынщ. Осетин лингвистикэм зегъэужьыным, щIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным илъэс куэдкIэ иужь ита, егъэджакIуэ Iэзэу щыта Цагаевэ Анастасия «Топонимия Северной Осетии» зыфIища и тхылъым Гъуазэ (Уаза-Уазахох) бгым ехьэлIауэ щитхари егъэлеяуэ мащIэ дыдэт: «Уаза (Уаза). Высокая гора к северу от селения Донифарс». Зэрынэрылъагъущи, мыбдежми адыгэбзэрщ щытекIуэр.

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**





● Лэскэн щIыналъэм

## ЗэIузэпэщ ящI

**Аргудан къуажэм и цIыху зэхуэсыпIэр, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 8,5-рэ хъур, дызыхыхьа илъэсым зэIузэпэщ ящIынущ. Ар пэгъунэгъущ жылэм и «Бедик» спорт стадионым.**

МЫБДЕЖЫМ цIыхухэм тыншу зыщагъэпсэхун щIыпIэ къыщыхагъэщхьэхукIынущ икIи зыхуей хуагъэзэнущ. Къапщтэмэ, ар иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIагъэблэнущ, лъэс лъагъуэхэр щаукъуэдиинущ, сабийхэми джэгупIэхэр хухахынущ, ихъуреягъкIи къэкIыгъэхэр щыхасэнущ, теплъэ дахэ ирату.

Шэч хэлъкъым апхуэдэ щIыпIэм къуажэдэсхэри хьэщIэхэри зэрызыIэпишэнум, IуэхугъуэфI куэди зэрыщызэхашэнум.

ЛэжьыгъэхэрирагъэкIуэкIынущ «ПсэупIэмрэ къалэ щыIэкIэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи ахэр зэфIагъэкIынущ 2025 гъэм и кIэм ирихьэлIэу.

● УФСБ

## Ахъшэ яхуиутIыпщырт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Украинэм щыщ илъэс 42-рэ зи ныбжь цIыхубзым, терроризмэм ахъшэ хуэутIыпщыным пыщIам зэрихьэ хабзэншагъэр.**

ШЭЧ зыхуащIыр Урысей щIыналъэм щыIэу и банк картэм ахъшэ щызэхуихьэсырти Урысей Федерацэм къыпэщIэт Украинэм IэщэкIэ зэщIэузэда и гупхэм я зым хэтхэм я счётхэм игъэхьырт.

Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.1 статьям и 1.1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэс 15-м нэскIэ ягъэ-

● Прокуратурэ

## Щхьэусыгъуэр зэхагъэкI

**2025 гъэм щIышылэм и 27-м Тэрч къалэм Мамхэгъым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет уней лъапсэм къыщагъуэтащ цIыхубзымрэ балигъ мыхъуа абы и къуэмрэ я хьэдэхэр. Зэанэзэкъуэм фэбжь ятелъкъым.**

ПРОКУРАТУРЭМ и нэIэ тетщ къэхъуам и щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкIыным, следственнэ IэнатIэм иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэм, - жиIащ республикэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь Дол Мадинэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.413
Заказыр №202

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А